

Èske Vi W Diy Parapò A Levanjil La?

63-0630E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Annou rete kanpe jis yon moman, pandan n ap bese tèt nou kounye a pou ap gade Seyè a. Si gen yon rekèt pou fè Bondye konnen, èske w ka jis nan moman kounye a leve men w ba Li, fason sa, epi gade nan kè w sa w vle a.

2 Papa nou nan Syèl la, nou gen rekonesans pou yon lòt jou ankò. Epi la sa kòmanse enskri; sa va fè listwa. Sèvis maten an déjà bagay ki pase. Pawòl ki te di yo sou lèzond, sou kasèt yo, e nou va gen pou rankontre Sa yon jou. Sa va oubyen kòrèk osinon fo. E nou—nou kwè ke Se kòrèk, paske Se Pawòl Ou.

3 Kounye a, nou priye ke W va akòde nou, aswè a, rekèt n ap mande yo. Ak men nou, ki leve, pou ap mande rekèt sa yo. Ou te konnen kisa nou te ye, e kisa n ap mande a. Kidonk nou priye ke Ou va reponn nou, Seyè, pou bannou dezi kè nou, sa se, si nou ka itilize I pou onore Ou. Akòde I, Seyè.

4 Geri malad ki nan mitan nou. Wete tout peche ak enkredilite. Bannou nan...yon pòsyon nan benediksyon W yo ankò, aswè a, Seyè, pandan n ap medite sou Pawòl la, ak tan n ap viv ladann lan. Nou rasanble ansanm, Papa, pou ankenn lòt bi ke pou ap eseye aprann kouman pou nou viv pi byen, epi viv pi pre W. Paske nou wè jou a ap apwoche, e nou dwe rasanble ansanm souvan, pou resevwa enstriksyon ki vin de Ou. Akòde I, Papa, lan Non Jezi. Amèn.

Mèsi. Nou mèt chita.

5 Mwen konnen li fè yon chalè tèrib, e tout plas la ranpli jouk soti deyò. Kifè nou regrett ke nou pa gen...ankenn è kondisyone. E mwen menm...Petèt sa va...Gen 2 bagay ke mwen vle fè pou legliz la, osito ke m ap kapab retounen fason mwen t a renmen an, si mwen t a retounen vin nan reyinyon an kòrèkteman. Mwen vle yon—yon pyano, kote yo va mete I fason sa, pou pèmèt pyanis lan ap gade nan direksyon kongregasyon an. Mwen vle yon òg la sou bò sa a; epi yon è kondisyone. Lè sa m ap santi tankou se sa nèt. Kidonk nou ap...N ap fè Seyè a konfyans, e nou konnen Li va akòde nou sa.

6 Mwen kwè, yo te di m, ke Frè Hickerson te fenk soti sa a nan atik magazin lan. Li te mete I sou biwo m dèyè la. Se konstelasyon Zanj yo ki nan atik magazin ki te pale de li a. Nou

wè fòm piramid lan? Gade Sila bò kote sa a, zèl pwenti an, ap vini avèk lestomak Li soti konsa, sou bò-dwat mwen. Kòm mwen t ap pale apati de menm chè sa, dè mwa e dè mwa de sa, ou wè, men Li la. Epi maga-...*Look* ou pito, magazin *Life* genyen L, emisyon mwa—mwa Me a, 17 Me, mwen kwè se sa. Se sa? Emisyon, 17 Me a. Madam Wood t ap di m jodi a ke anpil moun te rele I pou ap késyone. Se nan emisyon Me a, 17 Me.

7 Se yon nyaj misterye. Nyaj la fòme a 26 mil otè ak 36 mil lajè. E se de sa nou t ap pale isit la. Se lè sa ke Anj Seyè a te desann epi L te sekwe plas la. Tout nèt...Li te sonnen pi fò...

8 Mwen konnen te gen yon nonm, si...Mwen kwè, Frè Sothmann, mwen te wè I sa fè yon ti moman, kèkpa. Li la. Li te kanpe...Ya. Dirèk dèyè a la. Li te kanpe toupre lè sa te rive. Mwen kwè m pa t twò lwen li. Mwen fenk wè I, m t ap eseye voye men ba li. Poutèt, mwen te gen jimèl longvi li yo. Konsyan ke, animal sa yo—sa yo, ke nou t ap chase yo, te gen...Pa t sou kolin sa a. Bon yo te al sou lòt kolin lan. Mwen te rankontre yo, jou anvan an, e mwen te di chasè yo ki kote pou yo ale. Mwen te pati bò isit la, konsa, si yo t ap vini pa chemen sa a, mwen t ap jis tire anlè pou fè yo retounen pa wout sa, konsa yo te kapab jwenn bét pa yo—pa yo. Kifè ak kochon sovaj se konsa sa te ye.

9 Kidonk mwen te pati, bò kote sa a, e yo pa t la. Yo pa t la. Yo pa t sou ankenn bò. Mwen te wè Frè Fred ki te soti, e yo pa t la. Li te retounen, epi Frè Norman te pati al sou kolin lan. Mwen te vire tounen, desann nan yon ti presipis, epi m te remonte, jis pou kont mwen, pandan apeprè yon mil edmi ap pase atravè veritab kote andeyò ki mabyal. Mwen te anba e mwen te jis ap gade toutotou. Li te kòmanse ap fè jou.

E mwen t ap ramase bagay sa yo, ke nou rele la, tèt bouk kabrit. Se yon bagay tankou chadon. Mwen t ap retire yo soti sou janm pantalon mwen, jis egzakteman menm bagay ke mwen te wè m ap fè pèsonèlman, lè m te isit la pou ap di nou konsènan vizyon an, sa fè anviwon sis mwa, anvan sa te rive. Mwen te di, "Se etranj. Gade jan mwen pafètman lan Nò Tucson, dizon Nordès. Sa fè..."

"Tucson," nou sonje, mwen te di, "on tijan Sidwès"

E mwen te di, "Se etranj." Mwen t ap gade chadon sa, konsa, pou ap retire yo sot nan...anpil, ap retire yo nan janm pantalon m. Si w pa t janm al la, se yon rejyon dezè. Li pa tankou isit la, ditou. Apeprè ven fwa pi klere; pa gen pyebwa ak bagay konsa tankou genyen isi a. Se senpleman kaktis ak sab.

10 Kidonk mwen—mwen jis t ap gade I, konsa. Mwen te jis leve je m anlè. E apeprè, m te ka di, yon demi mil pi lwen mwen, mwen te wè yon tèt konplè...yon twoupo kochon sovaj,

etann, ki t ap soti nan bout lan, kote yo t ap manje zèb filari. Mwen te panse, "Bon, si m te ka jis gen Frè Fred ak Frè Norman la a, se plas la menm."

11 Sware anvan an, Sentespri a te si tèlman fò nan kan an, ke Li t ap di m bagay ki te rive e ki t ap rive. Mwen te oblige leve pou elwaye m de kan pa m nan.

E apre sa, pwochen maten an, mwen te monte la. Epi mwen te kòmanse...Mwen te di, "Bon, si m te ka jwenn Frè Fred, m ap jwenn li nan viwonn montay sa," ki a anviwon yon—yon mil nan direksyon sa a. Mwen te oblige pakouri apeprè—apeprè de mil distans, oswa mye ankò, pase pran l. Apre sa l ap oblige desann jouk anba kolin lan, pou pran Frè Norman, ki se pwobableman apeprè kat a senk mil distans, apre sa retounen. Mwen te sou pwen mete yon—yon ti moso papye Kleenex blan ke m t a pral pandye sou yon branch meskit la, konsa m te ka endike sou ki kote pou m soti lè m retounen.

12 E mwen te fenk pase yon ti sante kote ki gen on bann wòch pwenti, genyen yon—yon sante pou chevrèy ki desann lòt kote a, apeprè, o, karant, senkant vèj pa anba falèz la. Mwen te apeprè, o, jou a te gentan byen wo, m ap di uitè, oswa nevè. Èske w te ka panse yon bagay konsa, Frè Fred, petèt nevè, on bagay konsa? Mwen te kouri al sou kote sa a, rapidman, pou anpeche kochon sovaj yo wè m. Yo vrèman sovaj, ou konnen, e yo gen anpil laperèz.

13 Kidonk mwen—mwen te monte sou kolin lan nan direksyon sa a, pou koupe, te kòmanse, ap kouri monte sou kolin lan. E mwen te jis ap kouri, nan yon ti, sa nou rele, chemen chen. E briksoukou, tout rejyon an te jis gen yon gwo bwi. Mwen pa t janm tande yon tèl eksplozyon tèrib! Sa te jis sekwe, e wòch yo t ap woule. Mwen santi tankou mwen—mwen dwe te vole senk pye anlè kite tè, sa te sanble. Sa jis—jis te fè m pè. Mwen te panse, "O, la la!" Mwen te panse ke yo te tire m. Sa te sonnen tèlman fò, drèt sou mwen, konsa. Alò, yon sèl kou, Yon Bagay te di, "Leve tèt ou." Men Ni ki te la. Alò, Li te di m, "Se ouvèti Sèt So sa yo. Retounen lakay ou." Kifè, men mwen.

14 Mwen te rankontre Frè Fred ak Frè Norman, se te apeprè inè pi ta, lè mwen te jwenn yo. Yo te eksite pou ap pale de sa. Men ni. E lasyans di ke li enposib pou—pou ankenn sòt de—de imidite oswa nenpòt bagay la fòme nan otè sa, keseswa brouya, keseswa vapè. Ou wè? Li t ap senpleman ale jis...Mwen pa t ap konnen. Mwen—mwen...

15 Nou menm, lè n ap vwayaje travèse lanmè, nou monte a nèf mil pye. Sa anwo depase tanpèt yo. Se apwoksimativman anviwon kat mil. Epi kounye a, annou di, petèt se kenz mil jouk ou paka jwenn ankenn vapè. Men sa a se venn sis mil otè, e li te ret pandye la tout lajounen. Ou wè? Yo pa konn kisa Sa ye. Men, mèsi Seyè, nou konnen.

Mèsi, Frè Hickerson. M ap kenbe I sou biwo m anndan la. E kan n ap ekri liv la, enben, lè sa n ap genyen I.

16 Mwen gen yon ti nòt la yo te ban mwen. Mwen kwè te gen yon ogmantasyon an nonb pamí nou depi dènye fwa mwen te isit la. Mwen kwè non li se—se...yon dènye, non papa li se David West. E yo gen yon ti bonòm la ke yo vle konsakre bay Seyè a. Èske se sa? Èske se te aswè a, oswa Mèkredi swa? Mwen pa konnen. Sa gen...Aswè a? Se byen. Ebyen, sa k rive...Ou se David, èske se sa? Se moun mwen panse ou te ye a. Dakò. E si w t a mennen ti bonòm lan?

Si sè nou vle vin la sou pyano sa, pou jwe pou nou kantik *Mennen yo*. Pastè a, si I vle, vini la, e nou va konsakre ti gason sa bay Seyè a. Bon, n ap eseye gade sa dapre Lèzekriti.

17 Se pitit pitit ou, Frè West. Sa sanble li pa posib, se pa vre? Sè West, kisa w panse de sa? Èske se pa vre...Ou konnen kisa m panse, kanmenm? Ou konnen, mwen gran papa, tou.

Sa raple m Frè Demos Shakarian. Li te kanpe devan yon gran gwoup moun. Li te melanje tout bagay la menm jan avè m, ou konnen. Li te kanpe la. Li te di, "Ou konnen," li te di, "Mwen—mwen te di Rose, ke mwen te tonbe." palan de madanm li, li te reponn, "m te tonbe pi plis poutèt m pi granmoun depi m te vin gran mè." Li te di, "Non. Mwen te vle di gran-..." Ou konnen, mwen...

18 Se pa ou menm sèl, Frè West. Gen yon pakèt nan yo anndan isit la. E se kòrèk. Mwen kwè nou ka vrèman apresye pitit pitit nou yo. Sa pa...M espere sa pa sonnen mal. Men nou ka pase plis tan avèk yo, mwen kwè, plis ke nou te fè I avèk timoun pa nou—pa nou yo. Mwen te mande madanm mwen sa, lòt jou. Mwen te di, "Sèten. Ou renmen yo pandan yon ti tan, remèt yo bay manman yo, epitou kontinye."

19 Ebyen, mwen gen yon ti pitit pitit dèyè a la. Li abitye di, "Preche, papa. Preche, papa." Yo te pran ofrann lan Dimanch swa pase, e yo te depoze I sou tab la. Yo te fè I antre, dèyè a la, e—e li t ap tandem atravè mikwo a. Li t ap di, "Preche, papa. Preche, papa."

E Billy te di, "Wi, anwo a la."

Li te reponn, "Non." E ofrann lan te vole sou tout planche a. Li—li te vle soti vin isi a, ou konnen. E li toujou ap ankouraje m, ou konnen, lè I ap gade m nan nenpòt konvansyon. Li konn rele byen fò, "Preche, papa." Pou ap rele vrèman fò. Kifè mwen konsyan ke yo espesyal.

Ey, m ap mande si m ka prete kèk nan cheve sa yo? Li pa bezwen yo kounye a menm. Mwen menm, wi. Kijan I rele? [Sè West di, "David Jonathan."—Editè a] David Jonathan. Èske sa se pa yon bèl non? Ebyen,

Mwen espere ke vi li va yon modèl pou sila yo ke yo bay non li. David, wa a, David; ke Kris gen pou chita sou twòn li an; epitou ak Jonathan, zanmi byeneme a. Mwen—mwen di nou, genyen bon ti zanmi janti la. Nou apresye yo, anpil. Mwen...L ap reveye. Epi li ka—li ka di “amèn” byen fò menm jan ak rès lòt yo, ou konnen, konsa nou jis pap kite l deranje nou. N ap konsakre l bay Seyè a.

Mwen panse sa vrèman dous, pou w gen yon jenn koup, ke Bondye bay responsabilite yon ti bonòm konsa, vin retounen l bay Seyè a. E lè nou fè sa, sa montre ke nou pa...ke ou retounen bay Bondye sa Bondye ba ou. Ke Bondye beni li.

Kounye a, si w t a vle pran l, mwen kwè petèt manman an ka kenbe l on tijan pi byen ke mwen. E si nou ta pwofite poze men sou li? Èske w prefere fè sa? Paske, mwen pè pou m pa chape l ou pito, pa chape li, men kase l oswa yon lòt bagay konsa, ou konnen. Mwen toujou pè pou m pa kase yo, ou konnen. Men mwen—men mwen...

Meda ki dèyè a la, konn di...Mwen kwè sa a se yon dyòb sou estrad la li on jan jalou de mwen, ou konnen. Li renmen kenbe...

Ebyen, gade la, li pral gade m. Li se yon bon ti bonòm. Wi, mesye. Petèt mwen ka kenbe l. M ap mande. O, sè, piga...Mwen espere li pap tonbe. Men ni, èske sa pa bèl? Sa bèl? Kouman w ye? Ebyen, bon, ti cheri.

Annou bese tèt nou.

Seyè Jezi, sa fè anpil lane, kan Kretyente te pran nesans sou fòm yon nom yo te rele Kris, Mesi ki wenn lan, Jezi se te Non Li. Moun yo te mennen ti bebe yo ba Li, pou L te ka poze men L sou yo pou beni yo. E Li te di, “Kite timoun yo vin jwenn Mwen, e pa anpeche yo, paske se konsa Wayòm Selès la ye.” Ti koup janti sa, granparan yo avèk yo te dè vrè disip Pawòl la.

Seyè Jezi, Mwen mennen, e nou prezante ba Ou, aswè a, pastè a avèk mwen, ti David Jonathan West byeneme sa. Mwen ba Ou li, soti nan posesyon manman ak papa a. Mwen prezante l ba Ou, Seyè, pou l gen lasante, fòs, yon vi long ap fè sèvis, pou onore Bondye Toupwisan an, Ki te fè l vin nan mond sa. Ke benediksyon Bondye yo repoze sou li. Ke Sentespri a repoze L nan timoun sa. Si ta gen yon demen, ke li pote Levanjil ke paran l ak granparan l tèlman cheri jodi a. Akòde l, Seyè. Kounye a, lan Non Jezikri, mwen ba Ou timoun sa, nan konsekrasyon vi li. Amèn.

Mwen kwè yo vle pran yon foto ti bonòm lan. [Kamera fè klik—Editè a.] Sa fè m sote, tou.

Bondye beni w, sè. Ke w toujou renmen epi cheri Seyè Jezi e ke ti bonòm lan leve nan krent Bondye, e ke w gen yon ti gason mèveye. Mwen sèten. Bondye beni w.

Mwen kwè li chape ti sisèt pou li souse a? Èske yo jwenn li? O, la la!

Kounye a annou chante ti kantik sa, *Mennen Yo*. Tout moun, ansanm kounye a, pou ti bonòm lan. Dakò, sè.

Mennen yo, mennen yo,

Mennen ti zanmi yo bay Jezi.

20 Mwen pa konn ki lòt pi bon men pou konfyé yo. E ou menm? Ke men Seyè Jezi yo!

21 Bon, mwen konnen ke li fè cho deyò a la. Mwen vle mande konsyèj la, frè pa m lan, Doc, oswa yon lòt, pou okipe yo de sa. Genyen nan sè yo ki ap abime jip yo akoz—akoz grès netwayan ki sou chèz yo. Konbyen moun ki gen sa sou rad yo? Mwen konnen, ke gen madanm mwen, de pitit fi m yo, ti Betty Collins, Madam Beeler, kèk nan yo. Se yon bagay tankou, grès ki la. Si w te ka gade I, Doc, lè w kapab. Se, mwen kwè, se kote yo...Se grès oswa penti, osinon yon bagay, drèt kote y ap bouje monte desann, sou chèz yo. Se pa sa? [Frè Edgar "Doc" Branham di, "Pa gen ankenn grès sou yo, pou w retire."—Editè a.] Ebyen, mwen—mwen pa konn kisa sa ye, alò. Yon bagay mwen te jis...Yo te mansyone m sa, e mwen te di m ap mansyone I pou—pou Doc. Dakò.

Kounye a, reyinyon priyè Mèkredi swa a. Èske gen lòt bagay? Ou te anonse yo? Ou te fè anons pa w yo, Frè Neville? Tout anons yo fèt.

22 Bon, si Seyè a vle, Dimanch maten pwochen, mwen vle pale sou sijè akizasyon jenerasyon sa a poutèt y ap krisifye Kris. Ou va di, "Jenerasyon sa a pa t ap ka fè sa." Nou pral wè si yo te fè I, ou non, dapre Pawòl la. Bon, Dimanch maten pwochen, si Seyè a vle. Si, bon, si—si—si yon bagay rive...

23 Mwen sipoze al Houston semèn sa, tou, nan yon konvansyon, k ap mennen m jouk Dimanch, kidonk mwen pa konnen si m ap kapab ou pa. Men nou genyen kèk Dimanch an plis pou ajiste nou, anvan sa, de tout fason. Apre sa nou pral Chicago pou konvansyon an, oswa reyinyon nan Chicago a, dènye semèn nan mwa sa. E apre sa mwen dwe pran fanmi an pou retounen Arizona, paske—paske vakans yo fini e timoun yo dwe retounen lekòl.

24 Kounye a, konbyen moun ki renmen li Pawòl la, ak benediksyon Seyè a? [Kongregasyon an di, "Amèn."—Editè a.] Nou tout, si tèlman.

25 Bon, li fè cho, e mwen konnen gen kèk lan nou ki ap retounen lakay yo aswè a. Mwen konnen ke Frè Rodney ak Charlie, avèk yo, dwe kondwi lontan. Men ret tann, ou an vakans, èske se sa? Ebyen, mwen aprann ou pral fè lapèch.

“Seyè a pa detèmine yon tan pou lòm kan I ap fè lapèch. Ou pa vyeyi pandan w ap fè lapèch.” Kifè, kounye a, nou menm ti fi yo retounen avèk moun sa yo. Ou wè? Mwen va desann vin jwenn nou, si m kapab. E nou konnen, “Bon Seyè a,” yo di, “Li pa detèmine yon tan pou yon nonm kan li pati al fè lapèch.” Fè sa anpil lè w—lè w santi w tou boulvèse alanvè. Se meyè bagay pou detann ou, ke m pa t janm jwenn nan vi m, se al fè lapèch.

26 Mwen gen yon ti kat, ke Mesye Troutman, te ban mwen yon fwa. Tout moun sonje Mesye Troutman, konpayi glas lan New Albany an? Li te gen yon ti kat la ki te di, “Pati pou lapèch.” E li te ajoute, pou di, “Yon nonm ki gen...nenpòt moun lan, frè li, ap pati al fè lapèch. Si I abitye ede I ap toujou al lapèch.” Li te gen apeprè uit ak dis diferant bagay konsa. E kan li te rive anba nèt. li te di, “Lòm pi pre Bondye kan li al fè lapèch.” Kidonk mwen panse se apeprè vre. “Rich la ak pòv la yo tout se menm, lè lapèch.” Ou wè? “Youn ki abitye ede ap toujou al lapèch.” E tout bagay te gen rapò avèk, “Al fè lapèch.”

27 Ebyen, mwen pral pale w de yon lòt lapèch m ap fè depi apeprè dènye trann-twa lane yo, se te lapèch pou nanm lèzòm. Ke Seyè a ede nou genyen chak sa nou ka jwenn.

28 Bon, aswè a, se yon anrejestreman. Maten an, la, (si Jim isit la, oswa ap anrejestre), mwen—mwen kwè li ap anrejestre, yon moun te atire atansyon m sou sa, mwen te di, “Dezyèm egzòd la.” Mwen pa t vle di dezyèm. Se, “Twazyèm egzòd.”

Sentespri a sou fòm yon Kolòn Dife, Bondye te desann nan manifestasyon, te mennen premye egzòd la, epi—epi te retounen nan...te fè Izrayèl soti nan peyi Lejip.

Dezyèm egzòd la se te Kris ki t ap fè Legliz la soti nan Jidayis.

E, Twazyèm Egzòd La, se kan menm Kolòn Dife sa ap pran w soti nan legliz. Ou wè? Soti nan natirèl la; soti nan espirityèl la; epi soti Espirityèl la nan espirityèl. Yo twa a, ou wè, Espirityèl la ki soti nan legliz, pito. Alò nou gen yo twa a, twa aj bagay sa.

29 Bon, aswè a, mwen vle fè yon lòt anrejestreman, e sa rele: *Èske Vi W Diy Parapò A Levanjil La?* Pwobableman mwen pap rete lontan. Ebyen, jis kèk Ekriti ak nòt ke m genyen la, men dabò nou vle li Pawòl Bondye a. Anvan nou fè sa, ann jis bese kè nou ba Li jis yon moman.

30 Seyè Jezi, nenpòt gason, fizikman, oswa fanm, oswa timoun, ka tounen paj Bib sa, men pa gen pèsonn ki ka revele L apa Oumenm. Mwen priye, Seyè, pou W pran tèks sa jan

sa te plase sou kè m nan pou voye l ale atravè nasyon yo, pou moun yo, pou yo ka konnen ki jan de vi ke yo egzije yo pou yo viv. Paske, gen tèlman ki te mande m, “Èske Vi Kretyèn lan se yon vi pou ap sèvi nan legliz? Èske se ede pòv yo, sa k nan bezwen yo? Oswa èske se vin yon manb ki konstan? Èske se yon angajman fidèl a legliz?” ak si tèlman kesyon. Papa, ke repons kòrèk la vini aswè a, atravè pawòl sa yo, pandan ke n ap fè posib nou pou—pou pote yo bay moun yo. Lan Non Jezikri, nou mande sa. Amèn.

31 Bon retounen nan Bib ou, nan Liv Sen Lik, e n ap kòmanse nan chapit 14 ak vèsè 16 la, pou li kèk Ekriti kòm baz, kòm aryè-plan, pou sa ke nou pral eseye konsakre apeprè trant a karant minit. Kounye a, vèsè 16 chapit 14 Sen Lik.

Alò li di I, Yon nonm t ap fè yon gwo soupe, e li te envite anpil moun:

Li te voye sèvitè l nan moman soupe a pou ap di yo fòse moun yo, Vini; paske—paske tout bagay pare kounye a.

E yo tout nan yon sèl akò te kòmanse ap bay ekskiz. Premye a te di I, Mwen...te achte yon pòsyon teren, e mwen oblige ale pou wè I: Mwen priye w an gras ekskize m.

Epi yon lòt te di, Mwen fenk achte senk bèf jouke, fòk m al eseye yo: M priye w an gras ekskize m.

...yon lòt te di, Mwen apèn marye madanm mwen,...kidonk mwen pa ka vini.

Konsa sèvitè a te vini, pou l te montre mèt li tout bagay sa yo. Alò mèt kay la te fache e l te di sèvitè I...

Remake, se pa t pakèt sèvitè. “Yon Sèvitè.”

...Soti vit al nan lari yo ak chemen an, epi nan lavil yo fè rantre pòv, estropye, enfim, avèg.

E sèvitè a te di, Seyè, sa te fèt jan w te bay lòd la, e malgretou gen plas.

...mèt la te di sèvitè a, Soti al nan gran chemen yo ak rakwen, fòse yo antre, pou kay mwen an ka ranpli.

Paske M ap di w, ke ankenn nan moun sa yo ke m te envite a pap goute soupe m nan.

32 Kounye a, èske w te remake, te gen twa **pulls**, twa atirans, oswa twa jonksyon, nan sa? Lè yo te soti a, se premye a, epi rele sa yo ki te la, oswa, envite yo pou vini, e yo pa t fè l. Kifè te gen yon kanpay gerizon, te soti pou atire avèg ak enfim. Te toujou gen plas, kifè li te soti al fòse sa ki bon, sa k movè, ak sa ki endiferan; yo dwe antre.

33 Bon, ou te li yon lòt parabòl konsènan sa, yon bagay nan menm sans lan, nan Matye 22:1 a 10, si w ta renmen li I, pita. Men mwen—mwen te tire sijè sa apati de la: *Èske Vi W Diy Parapò A Levanjil la?*

34 Bon, Jezi la t ap di...Lòm te toujou eseye jwenn ekskiz, pou l pa t resevwa envitasyon Li ki vin de Pawòl Bondye a. Menm si sa te pwouve klè pou yo, ke se—sa se Soupe pa L ak envitasyon pa L, men lòm ap chache ekskiz tout tan. E si w li Sen Matye 22, ou va jwenn ke yo te fè ekskiz la, tou. E—e y ap eseye...

35 Sa te retounen nan tout aj yo. Sa te retounen nan aj la, e li te di ke yon nomm t ap sipliye yo, e—e li te gen yon viy chaje ak rezen. Nou jwenn parabòl sa. E kijan li te voye sèvitè li pou ranmase sa ki nan viy rezen an. Premye sèvitè a te vini, kisa yo te fè? Yo te mete l deyò. Pwochen sèvitè a te vini, li menm tou yo te lapide I. E yo te debarase yo de sèvitè apre sèvitè; dèzòm kriyèl. Wa a te voye, finalman, pitit li. E kan pitit la te vini, nou te jwenn, ke, "Yo te di, 'Sila se yon eritye. N ap touye I, lè sa n ap posede tout bagay nèt.'" Alò Jezi te di yo, "Wa a te voye detwi asasen sa yo, e li te boule vil yo a."

36 Bon, nou wè, kan Bondye bay yon nomm yon envitasyon, pou fè yon bagay, oswa pou resevwa envitasyon an ke L te ba li a, epi li rejte I, alò pa gen anyen ki rete, apre mizèrikòd, gen yon sèl bagay ki rete, se jijman. Nou dekoutri ke lòm te fè sa nan tout aj yo. Sa te rive, prèske nan chak aj, nan Bib la.

37 Kan Bondye te voye Noye, sèvitè Li, e ke L te fè yon mwayen pou chape pou tout moun ki te vle so—sove yo. Men moun yo te sèlman ap ri epi moke Noye. Bondye te fè chemen an, men yo te gen yon ekskiz. Sa pa t dapre panse modèn yo—yo. Li pa t sa...Se pa t fason yo te vle I la, kifè yo te bay dè zekskiz nan tan Noye a.

38 Yo te gen ekskiz nan tan Moyiz la. Yo te gen ekskiz nan tan Eli a. Yo te gen ekskiz nan tan Kris la. E yo gen ekskiz jodi a.

39 Kounye a, men Li k ap pale dirèkteman ak Izrayèl, sila yo ke yo te rele nan fèt la, ke mwen te ka aplike jodi a a dèzòm, nan legliz, ke yo te sipliye pou vini nan fèt la, e ki pa t vle fè sa, fèt espirityèl Seyè a. E yo pap fè I. Yo pa vle fè I. Yo gen lòt bagay pou yo fè. Yo jwenn dè zekskiz.

40 Bon, si Izrayèl, de mil lane de sa, te ka aksepte envitasyon an ke yo te ba yo a, yo pa t ap jan yo ye jodi a. De mil lane pase, Izrayèl te rejte envitasyon pou vini nan soupe pou nòs la, e yo te rejte I pou yo te antre nan jijman. Men, tankou Jezi di, yo te lapide epi touye pwofèt yo te voye pou yo, pou t ap chache ekskiz, kounye a, menm ekskiz yo te jwenn pou chak jou yo.

41 Nou jwenn, nan tan Jezi a, ke Li pa t—Li pa t asosye ak ankenn nan yo. Yo te di, "Kilè Nonm sa te aprann bagay sa yo? Nan ki lekòl li soti? Se pa Pitit chapantye a? Se pa Mari ki manman L? Jozye, ak Jak, elatriye, se pa frè Li? Epitou èske sè L yo pa avèk nou? Alò ki kote Nonm sa jwenn otorite pou fè sa? Ou wè? Nan lòt mo, Li pa t asosye L avèk yo. Kifè yo te di, Li se Bèlzeboul. Li se Samariten. Li posede ak demon, e Li fou. Li se yon—Li se yon...Li se yon Nonm ki gen yon movè z espri, dapre liy relijyon, e yo rann Li fou. E se sa. Li te deyò a la tankou yon nonm sovaj. Yo pa t pote ankenn atansyon a Li." E nou konnen kisa k te rive Izrayèl. E yo te rele byen fò. Yo te tèlman sèten ke Nonm sa te fo, jouk, o, kan yo te kondane L, yo te di—yo te di, "Ke San L tonbe sou nou e sou ptit nou." E sa te la depi lè sa.

42 Jezi t ap eseye di yo ke ekskiz yo a se sa ki te touye pwofèt yo, e se sa k ap touye jis ki gen pou vini yo. Yo te aksepte credo ke lèzòm te ba yo, olye pou pran Pawòl Bondye a. E, poutèt yo te fè sa, yo te rann Pawòl Bondye a san efè.

43 Kounye a, ou dwe di, konsènan sa, swa ke Sa a se volonte ak dezi Bondye, osinon se yon lòt bagay ke w ka ranmase, sa pi bon ke jis sa Sa a ye. Bon, ou oblige chwazi youn ou lòt. Ou pakab sèvi Bondye e mammon. E ou oblige di, "Sa a se Laverite," osinon "Se yon pati Verite a," oubyen "Se pa tout Verite a," oswa "Yo pa t mete l byen ansanm," oswa "Li pa t byen entèprete."

E Bib la di, ke, "Pawòl Bondye a pa dwe gen ankenn entèpretasyon prive." Ankenn lòt pa sipoze mete yon entèpretasyon sou Li, Li te ekri jis jan Bondye vle entèprete L la. Jis sa L di a, Ke, se sa ki sipoze fèt. Jis pran L jan Sa di a, jan Sa ekri Isit la.

44 Bon, yo aksepte credo pa yo. Yo rann pwomès Bondye yo san efè pou yo. Yo pase sou tèt Sa. Y ap eskive L.

45 Kounye a, si Larisi te aksepte Benediksyon pannkot la, swasann-kenz lane pase, kan Sentespri a te tonbe nan Larisi, yo pa t ap kominis jodi a. Bon, swasann-kenz lane pase, yo te gen yon gwo revèy nan Larisi. Bondye te vini pami yo, e yo te gen gwo revèy, jouk anndan Siberi. E kisa yo te fè? Yo te rejte L. E jodi a, peyi a fini, e legliz yo pa ka reyini, sèlman si yo gen pèmisyon. Yo kondane nan jijman. Yo te pati nèt nan kòlè sovaj kominis; livre bay dyab la.

46 Senkant lane pase, Sentespri a te tonbe nan peyi Angletè. Jis apre George Jeffreys te vini, epi F.F. Bosworth, ak Charles Price, Smith Wigglesworth, gran gèrye lafwa sa yo, senkant lane pase, pou te ofri peyi Angletè revèy Sentespri a. Men kisa yo te fè? Yo te ri yo, mete yo nan prizon, te rele yo moun fou, yo te panse ke yo te pèdi tèt yo. Legliz yo te anpeche moun yo vin tandé yo. E yo te geri malad, chase demon, epi te fè gwo zèv. E paske peyi Angletè,

antan ke nasyon, te rejte Levanjil, peche li—li yo fè tout tou mond lan. Gen apèn yon—yon lòt nasyon pi kontrè ak apot yo nan tout mond lan, menm lè w enkli Wòm ak Lafrans, ke peyi Angletè. Li se manman apostazi. Kote menm ke Finney ak anpil granzòm te preche. nan—nan lari Haymarket, ak Charles G. Finney, epi Wesley, epi lòt ankò, men Angletè te rejte I.

47 Kounye a, semèn pase a menm, oswa de semèn, nan jounal, nou te jwenn kote granzòm pa yo te tèlman fèb pou—pou zafè sèks ak fanmm, jouk espyon te fofile antre. Epi tèt dirijan yo te jwenn kèk ladan yo. Atik magazin te rapòte I. Eskandal peche yo, dirèk nan gouvènman yo, yo te seme non yo ki fè wont atravè lemond. Poukisa? Li te rejte Laverite. Li te jwenn ekskiz li, men li fini. Peyi Angletè fini nèt, ak Bondye, sa fè trè lontan. Si...

48 Amerika, kenz lane pase, kan gwo revèy gerizon an t ap kontinye apati de pannkot, te eklate nan nasyon an, epi te gen revèy nan kapital la, Washington, DC. Prezidan, vis-prezidan, gwo moun, gouvènè; gwo bagay te rive, gouvènè ak—ak moun te geri. Tankou, Kongrèsmann Upshaw ki te yon enfim pandan—pandan swasann-sizan, yo pa t ka vire figi yo pou di ke se pa t sa. Sa te drèt devan yo, men yo te rejte L.

49 E, aswè a, se poutèt rezon sa ke nasyon sa a ap tann. Li kondane. Pa gen espwa pou li, ditou. Li travèse liy ant jijman e mizèrikòd la. E yo te seleksyone nan sa I genyen la, pou kontwole nasyon an. Li pouri, jouk nan nannan. Politik li pouri. Moral nasyon sa pi ba ke anyen m te ka panse. Epi sistèm relije li pi pouri ke moral li. Poutèt sa, li te vin, li te mete tèt li ansanm, ak tout legliz sa yo, ak nasyon an, nan federasyon legliz yo, pou pran mak bét la. Ala yon bagay! Poukisa? Kris te ba yo okazyon an, “Vini nan fèt Mwen an,” fèt pannkot la, ki vle di “senkant.”

50 Kan Sentespri a te vide sou Larisi, yo te rele yo vini nan yon fèt pannkot, yon fèt espirityèl, e yo te rejte L. Peyi Angletè, Sentespri a te vide sou yo, e yo te rejte L. Amerika, Sentespri a te vide sou yo, e yo te rejte L.

51 Li te rele twa fwa. Twa fwa, li te voye al dèyè yo, e yo pa t tandé apèl pou fèt la. Alò Li te voye lòt ankò, e Li te di, “Ale epi fòse moun sa yo vini. Tab la dwe drese. Tab la pare. Gen plas toujou.” E mwen kwè, ke, petèt, petèt nan pwochen kèk mwa yo, oswa yon bagay konsa, yon lane, oswa kèlkeswa sa I ye a, Bondye pral voye yon lòt sekous atravè peyi a, paske genyen moun ki toujou deyò a la, kèkpa, ki se yon Semans predestine, pou Limyè a ka tonbe sou li, kèkpa, kèkpa nan mond lan. Nasyon an, limenm, li fini.

52 Mwen t ap gade nan *Life* magazin semèn sa a; anba a, ebyen, anba a Little Rock, lòt jou, ou, pito, Hot Springs. Epi la mwen te wè, mwen kwè se te gouvènè Eta New York la, avèk yon jan de moun toutouni laba a Honolulu, ki t ap danse avèk li. Bon...E la, an plis sa, te gen

yon lòt nomm byen koni. O, ala yon dezonè! Gade nasyon nou an jodi a. Gade kondisyon nasyon nou—nou an. Gade ki kote l rive, ala li te koule nan fon ba.

53 Gade sistèm reliye nou an jodi a. Kouman sa te fè posib ke legliz nou yo te janm ka rann yo nan kondisyon yo ye kounye a? Se paske yo te rejte epi refize Mesaj Bondye a, envitasyon pou vin nan fèt la. Èske w ka rele yon vi konsa dij parapò a Levanjil? Èske w ka rele yon vi, ki tabli pou pèmèt moun pa—pa yo ap fè bagay sa yo, ap fimen sigarèt?

54 Lòt jou, anba la, yon legliz, yon lig ekip minè t ap jwe anba la nan pak la, e ti gason bò frèm lan se yon lansè pou youn nan ekip yo. Kifè li te deyò a la ap lanse, e te gen yon lig legliz ki t ap jwe. E men pastè a, avèk ti zanmi sa yo deyò a la sou teren an, ap jwe. E pastè a t ap fimen sigarèt apre sigarèt, se yon legliz vrèman pwòch jis la toupre nou. Èske w ka imajine w yon nomm...E menm moun ki te la nan oditwa a te remake sa. Men sa atenn yon nivo tèl ke yo pa menm fè atansyon a sa.

55 Yon gwo legliz, yon legliz Batis, ke mwen konnen, pèmèt legliz la soti al deyò lekòl di Dimanch, pandan kenz minit an plis, pou pèmèt pastè a ak yo tout rete deyò pou fimen, anvan yo retounen antre pou fè devwa sèvi Seyè a. John Smith, fondatè legliz sa, te priye si tèlman, pou Bondye te voye yon revèy, jouk je l te bouche anfle lannwit, e madanm li te dwe kondwi l bò tab la pou ba l manje ak kiyè. Si...Nonm sa t ap vire lan tonm li si l te konnen ke legliz t ap rive nan kondisyon sa. Kisa sa ye? Yo te mande yo pou yo vini, e yo te rejte l. Se sèl eksplikasyon an. E ou sonje, Jezi di, nan sa, ke sa k te envite yo, e ki te rejte l la, pa t ap goute soupe Li a.

56 Lè Bondye voye Sentespri a pou ap frape nan pòt yon nomm, epi li rejte L volontèman, pafwa se pou dènye fwa l ap rejte L, e lè sa ou pap on pèsonaj privilejye. Ou ka chita nan yon legliz pou ap tandé Levanjil, epi tonbe dakò ak Levanjil. Ou ka menm fè tèlman jouk ou ka di, "m konnen ke Se vre," men si w pa janm bouje yon ti dwèt sou Li, pou ede L, oumenm. Ou wè? Ou fè jis ap tandé L, paske ou di, "m kwè Se vre." Sa se jis ap senpatize avè L.

M te ka di, "M kwè sa se dimil dola." Sa pa vle di m genyen l. Ou wè? M te ka di "Sa se on bon dlo fre," men m refize bwè l. Ou konn sa m vle di a?

E sa a se Lavi Etènèl. E refize fè l, yon jou ou va travèse liy ant jijman e mizèrikòd la, e lè sa ou pap gen privilèj pou vini epi resevwa L.

57 Pou nou menm moun yo ki ap vin isi a. M pa responsab pou sila yo ki...oswa--oswa ke lòt minis yo ap pale. Men, si Sa a kòrèk, nou dwe vi nou a Sa. Kisa an plis nou ka janm jwenn, ki va benefisyé nou plis, ke pou nou konnen nou kapab gen Lavi Etènèl?

58 Kisa k t ap rive si m t ap distribye ti kapsil isi a, ki te pwouve, dapre lasyans, sa te pwouve dapre lasyans ke kapsil sa t ap fè w viv mil an? Enben, m--m t ap dwe gen milisyen deyò a la, pou chase yo fè yo kite plas la. Ou pa t ap bezwen fè apèl a lotèl pou sa. Ou jis t ap oblige bat yo pou elwaye yo de sa, ki ap fè w viv mil an.

E, poutan, sa pwouve dapre lasyans ke Bondye Etènèl lan, tout pwisans rezireksyon Li, pwomèt nou Lavi Etènèl, men Satan va plase dè lejyon deyò a la pou elwaye nou de Sa. Ou wè? Malgres, nou ka gade, epi vin sansib ase pou wè Sa anfas ke Se vre, epi answit tounen do ba Li. Ou wè?

59 Toujou gen yon bagay, on jan de ekskiz. "Li fè twò cho. M twò fatige. M va fè sa, demen." Jis on jan de ekskiz, se tou sa y ap fè. Ap rejte jou vizitasyon an, sa separe w de Bondye.

60 Bon, nou remake. E, nan Ansyen Testaman, yo te genyen sa yo rele ane jibile a. Se te kan tout moun yo, ki te esklav, te ka pati lib lè jibile a te sonnen. E lè sa si on nonm pat al fè wout li, si te gen kèk ekskiz li te ka bay, kòm kwa li pa t ka retounen sou tè li, alò yo te oblige make I nan zòrèy, ak yon pik, sou poto tanp lan. Apre sa pe enpòt kantite jibile ki t ap vini, nonm sa te fini. Li pa t ka janm retounen on sitwayen ankò an Izrayèl, jamè. Kisa I te fè? Li te rejte envitasyon pa I la. Li pa t oblige peye anyen. Dèt esklavaj li a te regle. Fanmi I te lib. Li te ka retounen dirèk nan peyi natal li epi reprann pwòp afè I. Men si I te refize fè I, lè sa li pa t konte ankò pou Izrayèl, e sa I te posede yo te pase a on lòt.

61 Kounye a, menm bagay la nan natirèl aplike pou espirityèl la. Ke, si noumenm, antan ke eritye Lavi Etènèl, nou tandem Levanjil e nou konnen ke Se vre, epi nou rejte L, pou refize fè I oswa tandem L, n ap pran mak bét la.

62 Bon, on moun te di, "pral gen on--on mak bét la, sa va rive on jou." Kite m di w. Sa déjà rive. Ou wè? Osito ke Sentespri a kòmanse tonbe, mak bét la kòmanse rive. Ou wè?

63 Ou gen sèlman de chwa. Youn nan yo, se, aksepte L, pran So Bondye. Rejte L, se pran mak bét la. Rejte So Bondye a se pran mak bét la. Tout moun konprann? [Kongregasyon an reponn, "Amèn."—Editè a] Rejte So Bondye a se pran mak bét la. Paske, Bib la di, "Tout sa ki pa t sele ak So Bondye a te pran mak bét la."

64 Lè twonpèt la te sonnen, tout sa yo ki te vle pati lib te ka al fè wout yo. Sila yo ki pa t fè sa, yo te make.

Bon, ou wè, mak bét la, si n ta gen pou n pale de li a lavni, se pou di kilè sa pral manifeste, kan w va pran konsyans se moman kote ou te déjà genyen I. Ou wè? Ou wè? E se

menm bagay la pou Sentespri a, Sa va manifeste. Kan nou va wè Seyè Jezi a k ap vini nan laglwa, epi santi pwisans transfòmatris sa, epi wè mò yo resisite soti nan tonbo, epi konsyan de sa yon segond de plis, nou va chanje pou gen yon kò tankou Li. Sa va manifeste. Lè sa, w ap wè sa yo ki te rejte L, yo va kite yo anba la, deyò.

65 Èske Jezi pa t di ke vyèj yo t al rankontre Kris? Kèk nan yo te tonbe nan somèy, premye vèy, dezyèm, twazyèm, katryèm, senkyèm, sisyèm, jiska setyèm vèy la. Men, nan setyèm vèy la, lè sa te gen on son, "Men ni, Epou a rive. Al rankontre L." E sa ki t ap dòmi yo, te reveye. Tout aj pase yo, jiska Pannkot, te reveye. Ou wè? Depi setyèm aj la, setyèm aj legliz la, retounen dèyè nèt, te reveye. E sa yo ki te nan aj legliz sa, ki te vivan, yo te chanje. E yo te antre.

Menm kote yo te antre a, vyèj andòmi yo te vini pou di, "Nou vle achte enpe nan Lwil nou an."

66 Men yo te reponn, "Nou jis gen ase pou noumenm. Al kote sa ki ap vann Li an."

"E pandan yo t ap eseye resevwa Lwil sa, Epou a te vini." Pa t janm te gen on tan nan listwa mond lan, ke Episkopalyen, Batis, Metodis, Prezbiteryen...Jounal yo ranpli. Jounal reliye ap louwe Bondye, vyèj andòmi sa yo ap eseye resevwa Sentespri a. Èske moun yo pa reyalize ke sa pap rive, dapre Pawòl Bondye a? "Pandan yo t ap eseye retounen, Epou a te vini epi L te pati ak Epouz la. E yo te jete yo deyò nan tenèb, pou jijman," paske yo te rejte envitasyon pa yo a.

67 Envitasyon pou vini te lanse bay tout moun. Bondye nan chak aj, te voye Limyè L, e Sa te rejte.

68 Bon, jodi a pa diferan de okenn lòt jou, pou w rejte jou vizitasyon an. Lè Bondye rann vizit a Legliz ak moun yo, resevwa L la menm. Pa remèt sa pou lane pwochèn, pou pwochen revèy la. Se moman an, "Jodi a se jou sali a."

69 Sonje, Bondye pa t janm voye on Mesaj, nan okenn jou, ke Sa Li te konfime ak sinatirèl la. Jezi Limenm, te di, "Si M pa fè zèv Papa M yo, alò pa kwè M. Men si M fè zèv yo, kwè zèv yo si w paka kwè M," lè w wè l aklè epi--epi manifeste.

70 Bon tan an te rive kote li te rejte L, alò yo te pèse zòrèy li ak yon pik, konsa li pap janm ka tandé L. Kounye a li mennen tèt li nan konfederasyon legliz, pou antre dirèk al pran mak bét la.

71 On moun jis fèk ban m jounal sa kounye a ki rele, "Youn nan gwo anbisyon yo," ak nouvo pap sa ki te di, "yo dwe ini legliz yo ansanm." Yo va fè sa osi sèten ke m kanpe la. E

Pwotestan yo ap tonbe pou sa. Ou wè? Paske, legliz... Bib la di, Pòl, pwofèt Seyè a, te di, "Jou sa pap rive anvan va gen yon refwadisman, dabò, apre sa...pa anvan ke nonm pechè sa revele. Sila ki chita nan tanp Bondye a, pou ap deklare tèt li, tou sa ki pi wo ke Bondye; antan ke Bondye, limenm," ap padone peche moun sou tè a, ak bagay konsa. Kouman bagay sa te fè rive! Men li pa t ka rive toutotan refwadisman an pa t fèt, toutotan legliz pa t kòmanse ap elwaye l de fèt espirityèl la, pou retire kò l epi òganize tèt li. E lè sa revelasyon pa t makonnen ak legliz ankò.

72 Sonje, Izrayèl te mache, lajounen kou lannwit, ak Kolòn de Fe a. Lè Kolòn de Fe sa te bouje, yo te bouje avè L. Epi sonje, Se te yon Dife lannwit, e yon Nyaj lajounen. Kifè Li te ka vini lajounen kou lannwit, nenpòt lè. Men, kèlkeswa kote L te ye, te gen on ekspsyasyon ki te fèt, pou yo pa t manke wè L. Se te yon Limyè lannwit, e on Nyaj lajounen, e yo te swiv Li. Wi, mesye. Menm bagay la!

73 Martin Luther te wè L. Kisa l te fè? Li te soti kite Katolik. Men kisa yo te fè? Yo te bati on ti kloti toutotou, pou di, "Nou se Literyen. Men bagay la."

74 Apre sa Wesley te wè L ap elwaye L kite la. Li t al fè wout Li. Kisa yo te fè? Yo te bati on ti kloti toutotou li, pou di, "Men bagay la." Kisa Limyè a te fè? Li te avanse, ankò.

75 Pannkot te wè L. Kisa yo te fè? Yo te soti kite Wesleyen, Nazareyen, elatriye. Kisa yo te fè? Yo te bati ti kloti toutotou l, pou ap deklare, "Nou se initè," "Nou se trinitè," "Nou se Legliz Ini," ak tout sa yo. Kisa L te fè? Bondye te avanse soti kite l. Ou wè?

76 Nou paka fè sa. Nou dwe ap swiv, toulèjou, chak lè nan jounen an, chak etap chemen an. Nou dwe kite nou kondwi pa Seyè Jezikri. Si nou pa fè sa, nou tonbe nan yon vi òganizasyon. E on vi ki pap swiv Kris, chak jou, li pa diy.

77 Yon nonm ki Kretyen le Dimanch, pou al legliz, ki chita dèyè a la ap panse li posede legliz poutèt li fè sesi, sela, ou se lòtbò, epi le Lendi l ap volè ak bay manti. Epi fanm yo k ap soti al sou plaj piblik, epi--epi deyò nan lari, ak rad imoral sou yo!

78 Mwen t ap panse a--a premyè dam lan, ki pa t ka menm mete makiyaj, pou al devan pap la; ki te retounen, pou ofri yon modèl koup cheve tèt kale pou fanm nasyon an. ak tout wòb sa yo, lè li te vin manman, tout fanm nan peyi a te vle pote youn nan jan de modèl rad pou manman sa yo kounye a. Se vre. Sa yo se egzanp. E yo konnen ke moun yo ta pral fè sa. Yo te pran espri mond lan. E sa pa gen plas li nan Legliz Bondye vivan an.

79 Fanm yo ta dwe ap gade Jezikri. Nou ta dwe fikse jye nou sou Sara ak sa Ansyen Testaman yo.

80 Bon, yo te tèlman vin konsa...Mwen t ap preche lòt nwit pase a, yon kote, konsènan fanm ki obeyi mari yo. Obeyi? Ya. Sa te soti nan rityèl maryaj, sa fè lontan. Men yo pap fè sa. Non, mesye. Y ap viv an Amerik, e yo fè w konn sa. Yo pap obeyi. Men, osito ou refize fè sa, pa janm menm eseye rele tèt ou Kretyèn, paske ou pa sa. Mwen pa bezwen konnen jan w danse ak pale an lang, si w pa obeyi ak mari w, ou andeyò volonte Bondye.

81 On fanm k ap pote bout pantalon, e ki ap fè bagay sa yo nan lari a, piga w rele tèt ou Kretyèn. Ou vle posede mond lan epi kenbe temwayaj ou kanmenm. Ou paka fè sa nan Prezans Bondye, lè w konn mye ke sa.

82 Remake, "zòrèy pèse," make pou elwaye, alò ou pap janm ka tandé. Sonje, se on siy zòrèy fèmen. Ou pap ka tandé L ankò. Ou pap ka tandé. Ou pap janm kapab ankò, fè l ankò.

83 O! "Li pa kwè Sa." O, la la! "Piga w di l li. Li kwè sa." Non. "Li fè w konn sa la menm..." Li pa konnen L. Kouman yon--yon dam taka...Jis poze tèt ou kesyon, kouman yon dam taka...

Jan m te di Dimanch lan, Dimanch swa pase, aswè a fè yon semèn, sou "yon limyè kliyotan wouj," kouman nan kous la—la—la fanm yo te vin pi bél ke sa te janm ye. Bon, se pa anyen—anyen kont fanm, kounye a, se jis...jan manzè kontwole sa. Ou wè? A...Manzè te vin fason sa, pou mete l a leprèv, tankou Èv te ye devan pyebwa a.

84 Chak moun, chak pitit ki vin jwenn Bondye, oblige pase atravè moman tès sa. Sa se aj pa fanm, se sa nasyon sa ye, kote li dwe pase atravè tès sa. Si l ka vin yon bél fanm, pou ap aji tankou yon sè, benediksyon Seyè a sou li. Men kan li ka prepare tèt li pou—pou konn sa, epi fè demonstrasyon limenm, li pwouve absoliman ke li gen yon—yon movèz espri sou li. Li pa vrèman fason sa, mwen pa kwè sa, anpil ladan yo pa konsa. Men yo pa konsyan de sa.

85 Èske w ka di m ke yon fanm ki gen desans, k ap reflechi ka mete ti rad sa yo ke yo pote deyò a la nan lari a sou li?

86 Mwen gen de jenn ti fi ki la. Mwen pa konn kisa rezulta timoun sa yo va ye. Mwen jis priye pou yo. Timoun, jodi yo, mwen pa...Ou paka predi. Mwen pa konnen. Yo pa iminize kont sa. Yo oblige kanpe sou de pye yo, devan Jezikri, pou reponn. Yo paka antre sou sa...sou—sou sa m kwè, ak sa manman yo kwè. Mwen pa konn kisa y ap fè. Men an reyalite mwen kwè, nan moman sa, si jenn ti fi sa yo t a soti nan lari a, avèk jan de rad sa yo sou yo, pou yon nonmm ta ensilte yo, konsènan jan de rad sa yo, mwen pa kwè, si m t a gen okazyon an, mwen t ap menm kondane nonm sa. Se vre. M ap kondane ti jenn fi yo. Yo pa t gen dwa fè sa.

87 Koute. Si lòm te panse, epi yo te anseye ke, "Lòm pa vo plis ke yon bêt. Li vin de ras animal la." Gade, la, mete I deyò a la tankou...

88 Pran chen an mete I kote ti femèl la a on sèten moman, atravè kloti a ak tout lòt bagay, poutèt ti femèl la nan kondisyon sa; kochon yo, bèf yo, tout lòt bêt. E si nou fè pati de rèy animal la; e se sa nou ye, pati fizik la. Alò lè yon fanm ap montre tèt li fason sa, li pwouve ke li se menm bagay ak ti chen sa, oswa menm bagay la, egzakteman, sinon li pa t ap fè sa. Li konnen. Lanati anseye I ke gason pral gade I. E Bib la di, "Nenpòt moun ki gade yon fanm pou konvwate I déjà komèt adiltè avèk li nan kè I."

89 Sa tabli yon tan pou teste. E dyab la rann fanm yo bèl, pou I ap dezabiye yo, epi voye deyò a la, pou ba w yon tès. Noumenm mesye yo, vire tèt nou tounen. Ke nou ka pitit gason Bondye. Noumenm medam yo, abiye nou tankou pitit fi Bondye. Piga w nan reponn pou adiltè laba Jou sa.

90 Si fanm sa, pe enpòt jan I inosan...li ka pa janm fè anyen mal, pa janm menm gen sa nan tèt li pou fè mal. Men kan pechè sa ki te gade bèl fòm fanm sa (konsyan ke li se yon gason, e ke sèks fanm lan nan youn...glann lan nan youn, epi pa gason an nan lòt la), pechè sa pral gen pou reponn pou sa Jou Jijman an: Kilès ki te fè I? Kilès ki koupab? Pa limenm. Se ou. Men ni, imoralite.

91 Gade nasyon sa. Te gen yon epòk, lè yo te konn gen wòb-anwo-jenou yo—yo ke fanm yo te konn pote, nou te oblige voye chache a Paris pou nou te genyen yo. Jodi a, Paris voye chache isit la pou genyen yo. Sa vin tèlman pouri jiskaske Paris pa ka fè konpetisyon avèk li. Se vre. Tout nèt...Poukisa? Poutèt rejè Levanjil. Poukisa?

Paris pa t genyen Sa. Yo san poustan Katolik. Pwotestan pa ka menm antre la. Gade Billy Graham. Mwen kwè gen sèlman sis san Kretyen nan tout Paris, pami dè milyon, sis san Kretyen, Pwotestan. Sa se pa sa ki ranpli ak Sentespri yo. Se jis Pwotestan absoliman, sis san nan yo, pami dè milyon fwa milyon. Yo pa t gen okazyon pou rejte L.

92 Men moun sa yo gen Levanjil la. E lè yo elwaye yo de Mesaj la ak Levanjil yo te wè ki demonstre a, yo te moke L poutèt yon vye doktrin pwostitiye te mare yo; e gen pastè ki sou chè, k ap panse plis a lajan ak avantaj pou vant ke pou nanm, moun yo ke I ap preche a, se vre, se sa ki fè sa. Kounye a nasyon sa ap mennen mond lan.

93 Nou sonje, sa pa fè lontan, nan tabènak sa. Mwen te preche sou yon sijè, sa fè ven lane pase. "Mwen pral montre w deyès Amerika," ki te gen ti tanga I la, ap prezante I la avèk sa. Se konsa sa ye. Bon yo menm, yo genyen I. Y ap jwenn sa yo te mande a. E yo pral jwenn li. Se tou.

94 Non. Yo pa kwè I. Non, mesye. Yo fè w konnen ke yo se sitwayen Ameriken, e yo gen dwa pou—pou fonksyone nenpòt jan yo vle I. Mwen jis swete...

95 Kite m di w. M ap di w kounye a. Non, mesye, politik pap janm mache. Non, mesye, demokrasi pap janm mache. Demokrasi pouri, jouk nan zo. Si sa te ka pase pamì yon gwoup Kretyen, sa t ap byen. Men lè w aplike I deyò a la nan mond lan, sa vin yon bann bato ki pa gen lank. Se egzakteman vre.

96 Gade la, jodi a. Nenpòt bagay ka rive, e yo va jis...Nenpòt bagay, yo rale kèk zafè politik, e yo va chape menm avèk asasinay.

97 Kan m te preche anba la, jou swa sa pou eseye sove lavi de ti mesye sa yo. Yo te osi koupab ke posib. Menm avoka sa te leve dèyè do m la, pou I te di, "Se vre." Li te di, "Mwen pa kwè nan pran lavi moun." Li te ajoute, "Si nou remake nan chaj kriminèl nou, se kilès ke yo touye sou chèz elektrik ak bagay konsa? Se pa moun rich la. Li ka peye pou jwenn yon avoka epi ak relasyon, kèk bagay sal, epi kèk kontak *isit la*, epi kèk *laba*, pou melanje bagay la." Li te di, "Se timoun pòv konsa, ki pa gen ase lajan pou achte bon manje, se espès sa yo ki sibi sa. Se espès sa yo ke yo elektrokite, yon moun ki sanble ak sa yo rele yon pakèt moun inyoran, e yo jis plase non yo sou lis pèn kapital."

98 Mwen te di, "Premye asasinay ki te janm komèt nan mond lan, se yon frè ki te touye yon lòt, e Bondye pa t pran vi I pou sa. Li te mete yon mak sou li, pou ke pèsonn moun pa t pran vi I. Dakò. E sa se Jij Siprèm lan."

E mwen te konstate yo te efase santans lan pou yo. Bon yo pral fè yo sibi yon lòt pwosè. Natirèlman, yo pral kondane avi kounye a, ki se vrèman onz lane, e petèt yo ka sou pwobasyon. Yo koupab. Sètènman. Yo koupab. Yo dwe voye yo nan penitansye, a vi, men yo pap pran vi yo. Pèsonn pa gen dwa pran lavi yon lòt nonm. Non, mesye. Mwen pa kwè nan sa. Non, sèten.

99 O! Yo te di...Enben, yo pa kwè ke yo andeyò volonte Seyè a, paske se tout sa yo konnen, se tout sa yo vle tande. Yo bouche zòrèy yo konsènan Laverite, anndan la.

100 Peyi Lejip non pli pa t vle kwè ke bann sen k ap woule atè sa yo anba la te nan volonte Seyè a. Kouman yo t ap fè kwè ke nonm fou sa ki te vini la, soti nan dezè a, ak bab li pandye desann *konsa*, pou t ap di, "Farawon, mwen vini lan Non Seyè a. Libere timoum yo"?

Farawon te reponn, "Kiyès? Mwen? Mete I deyò." Ou wè? "Mwen?"

"Si w pa fè sa, Bondye Seyè a pral frape nasyon sa a."

101 Poutan panse I se, "Vye demode sa, mete I kèkpa. Kite I ale. Solèy la te on jan griye sèvo I." Ou wè? Men sa te mennen jjman, paske nonm lan se te yon pwofèt e li te gen ENSI DI SEYÈ A. Egzakteman vre. Yo pa t vle kwè sa.

Wòm pa t vle kwè sa, non plis, men sa te rive kanmenm.

102 Izrayèl pa t vle kwè ke se te Mesi a. "Kouman yo t ap ka fè I, yon bann—bann Galileyen?" Yo te konn ap di, "Èske yo tout se pa Galileyen? Ki kote L soti?" Ki jan de foul moun ki avèk Li? Sa ki pi pòv yo ki te ka reyini ansam, se avèk foul moun sa Li te asosye. Se yo ki te konn vin tande L, se te moun pòv yo, moun sa yo ki pa konn anyen. Yo pa t moun ki te selelsyone. Yo pa t—yo pa t jan entèlektyèl ke nou ye a. Yo te yon bann pòv." Nou tande sa ap pale apwopo de revèy nan jou sa a. "Ki jan de foul ki tande yo? Ki kalite moun ki al nan reyinyon sa yo? Ki jan de moun yo ye?"

103 Mwen te tande yon endividé di, sa pa fè lontan...Ebyen, li te on jan...Se te bò-pè Hope. Mwen t ap enstwi I konsènan batèm Sentespri a. Li te di, "Kounye a, kimoun k ap kwè yon bagay konsa, si pa gen jan de bann moun tankou w ki leve kanpe la?" Li te di, "Kite entèl-entèl, yon nonm dafè la nan vil la, mechan tankou yo tout, kite I di ke li te resewva Sentespri a, alò mwen va kwè sa."

104 Mwen te di, "Pa fatige w. Li pap janm di sa." Nonm lan te mouri enstantaneman, san Bondye. Ou wè?

Pran prekosyon w a sa w ap fè. Fè atansyon a sa w ap di. Ou vle yon vi diy parapò a Levanjil la. Dakò.

105 Izrayèl pa t kwè sa, pakèt moun sa yo. "Nonm fou sa, ke yo rele Jezi Nazarèt la, te ne," yo te panse, "ke se te yon nesans ilejitim." E moun yo te kwè sa. Paske, yo te di, "Se pa t pou li. Poukisa, papa Li se te Joseph, e Mari te gen ti Bebe sa anvan menm yo te...Li te ne, enben, sa ilejitim. Kisa Li ye? Jis yon nonm fou. Se youn nan dwòl de tip yo. Piga w al tande L." Kisa yo te fè? Yo t ap voye nanm yo nan lanfè. Yo te pran...

106 Jezi te di, "Kite yo trankil. Si avèg la ap kondwi yon avèg, èske yo toulède pap tonbe nan menm twou an?" Se vre. Yo pa t konn sa. Yo pa t ap kwè Sa. Yo pa t kapab.

107 Yo pa t ka wè kijan yon pèp senp avèk yon Mesaj senp, ki te rejte, te ka lakoz yon gran nasyon tonbe an mòso. Koute kounye a. Yo pa t ka konprann sa: yon pakèt moun komèn, senp, òdinè. Ou konnen, Bib la di ke, "Moun òdinè te tande Jezi avèk kontantman."

108 Mwen te gen yon ti bagay ki te rive o Mexique, sa pa fè lontan. Jeneral Valdene, yon eli Bondye, Limyè a te kwaze chemen I yon fwa, nan youn nan reyinyon yo. Gran gèrye Katolik

sa, youn nan jeneral ki pi wo grade nan Mexique yo, te vin tou enb a lotèl pou l te resevwa batèm Sentespri a. Li te retounen al Mexique. Li te kontinye ap mande pou mwen, li te desann la. Finalman, mwen te deside desann ale. Seyè a te kondwi m; mwen te gen yon vizyon. Mwen te di madanm mwen. Mwen te desann anba la.

E kan mwen te fè sa, li menm ki te youn nan jeneral an chèf yo, yon jeneral kat-etwal, li te al nan katye-jeneral, gouvènman an. E, yo, yo te di kont Pwotestan anba la, ou konnen. Kifè yo te konnen ke sa t a pral yon reyinyon tèrib, konsa li te desann la avèk gad militè. E kan yo te fè sa, yo te rezève gwo arena a. E yo te sou pwen mennen m antre konsa. Gouvènman an t ap mennen m antre.

Kifè, kan yo te fè sa, evèk la—la, youn nan gwo evèk legliz Katolik, te al kote l, kot gouvènè a, pou di, "Mesye, èske m byen konprann ke w ap mennen youn ki pa-Katolik anndan an."

Li te reponn, "Wi. Kisa k pwoblèm lan?"

"Enben," li te ajoute, "ou pa ka gen yon nonm konsa anndan la. Gouvènman sa pa t janm fè yon bagay konsa."

109 Men, li di: "nou te fè l kounye a". Li te di: "Se kisa," di, "nonm nan se yon nonm ki gen repitasyon. M konprann ke dè milye de moun soti al tandé l. Jeneral Valdena, li se yon bon zanmi." Li te di...Epi li te gen...Prezidan an li menm se Pwotestan, ou konnen, Metodis. Konsa, li te di—li te di, "Nonm sa a se yon nonm ki gen repitasyon, se tout sa m konnen." Li te di, "Jeneral Valdena ki isit la, li te konvèti anba nonm sa a." Li te di: "Gade, jan m konnen l lan se yon moun ki gen repitasyon." Li te di: "Dè milye moun, yo di, pral vin tandé l." Epi evèk sa a te di: "Ki kalite moun w ap pale, mesye? Jis inyoran yo. Se sa yo ki pral, tandé yon moun konsa."

110 Prezidan an te di, "Patwon, ou te genyen yo depi senksan zan, poukisa yo inyoran?" Se te ase. Sa te regle kesyon . Oh, lala! Sa te kòche yo. Wi mesye. Wi.

111 Ebyen, lè ti bebe a te resisite, m te voye yon mesajer al dèyè mesye a. Madanm nan t ap di, an panyòl, "Ti bebe a mouri, maten an a nèf è." Epi lapli t ap tonbe fò. Te gen anviwon dis mil konvèti a Kris la, chak swa. Nan lannwit anvan sa, yon granmoun avèg te resevwa gerizon l sou lestrad la. Oh, te gen twa oswa kat fwa gwosè tabènak sa a, ak anviwon wotè sa a, ak vye foul a e chapo te depoze la a. E m jis...

112 Yo te fè m jambe kòd yo, nan rig lan, pou fè m antre. M jis avanse la a e m te kòmanse preche, ak lafwa. Billy vini, li di, "Papa, ou pral oblige fè yon bagay, pou dam sa a." Li di: "M te gen twasan administratè ki te kanpe la. Yo pa ka anpeche yon ti dam, ki peze yon santèn

liv, prèske." Yon bél, ti dam ki ka wotè sa a, konsa, oh, petèt premye ti bebe l. M ta di ke l gen venntwa oswa vennsenkan.

113 E l te kanpe la a, ak cheve l yo pandye, epi l te kenbe yon ti bebe. Apre sa, li ta eseye rentre nan liy sa a. Mesye yo ta pouse l tounen. Li ta grinpe anlè tèt yo, ti bebe a sou anch li, nenpòt fason, li pase nan mitan janm yo, oswa nenpòt sa l ye a. Yo ta jwenn li anwo a la a, e yo dwe kouri dèyè l sou lestrad la.

114 Epi yo pa t gen okenn kat lapriyè pou yo ba li. Li te di: "Si m kite l antre la a, papa, ak ti bebe sa a ki mouri a, san kat lapriyè, epi..." li te di, "Lòt moun yo ki kanpe la a, yo te kanpe isit la a depi de oswa twa jou, nan lapli ak solèy la. Epi pou l ta pran devan yo," li te di, "sa pral lakòz yon—yon deblozay anba la a."

115 M te di, "Se dakò." Frè Moore te la, e li te yon ti jan chòv tankou mwen. Apre sa mwen te di, "Li pa konnen kiyès ki kiyès, gen tèlman moun." M te di: "Voye..." Epi—epi yon kantite frè, youn nan frè ki soti isit la nan tabènak la, li te pati pou Laglwa kounye a, m pa ka raple m non l jis nan moman sa a, men, li te kanpe dèyè a la a. Konsa m te di, "Frè Moore, desann, al priye pou ti bebe a. Li p'ap janm konnen ki moun, si se mwenmenm oswa oumenm. Jis desann anba a. Anplis yo pa ka pale angle." Konsa, Frè Moore te di: "Dakò, Frè Branham."

116 Li te kòmanse ap mache desann. M te di: "Alòs ke m t ap di, fa..." Epi m te wè yon ti bebe, yon ti bebe Meksiken ki chita devan m nan, ki jis ap ri. M te di, "Tann yon minit." Epi, m te di, "Kite ti dam nan pase." Billy te di: "M pa ka fè sa, papa. Li..." M te di, "M te wè yon vizyon, Billy." Li te di: "Oh, sa a se yon lòt bagay."

117 Konsa nou te fè chemin foul konsa pou n te fè l pase. Li vin la a, mete l ajenou, ak chaplè l nan men l. M te di, "Leve kanpe." Konsa m te di, "Papa nou ki nan Syèl la, kounye a m pa konn ki sa w pral fè. M pa konn si w jis vle m satisfè dam nan pou m priye pou ti bebe a, oswa kisa. Men," m te di, "M depoze men m sou ti bebe a, nan Non Senyè Jezi a." Egzakteman menm bagay la m te fè ak Frè Way, ki te lonje la a atè a, lè l te mouri, lòt jou a. Epi yon kout pye te bay nan dra a, epi ti bebe sa a te kòmanse kriye. Epi li te retounen an vi. Kan...

118 M te voye yon mesaje, Frè Espinosa, pou al avè l kay doktè a, epi jwenn yon deklarasyon sou sèman nan men doktè a, ke "Ti bebe sa a te mouri." Sa te anviwon dizè di swa. "Li te mouri nan maten sa a a nevè, nan biwo l, ak nemoni." Li te jwenn yon deklarasyon sou sèman nan men doktè a. Jounal yo pa t ka ret trankil, ou konnen, ebyen yo te oblige vini. Yo fè yon entèvyou avè m. Epi yo te di m, li te di, "Ou panse ke sen nou yo ta ka fè sa tou?" M te di, "Si yo vivan." "O," li te di, "ou pa ka yon sen a mwens ke w mouri." Men kote w ye. Ou wè? Epi moun yo...

119 Ou wè, lòt jou, yo te Iwanje mè sa a, nan jounal la? Konsa, yon nouvo sen te mouri, oh, yon santèn ane de sa, oswa yon bagay konsa, epi yo te fè yon...yo te kanonize I kounye a, yo te fè I vin yon sen. Apre sa, yo te di ke—ke I te soti kite mò yo epi li te priye pou yon moun malad ki te gen lesemi. Se pat sa? Li te nan youn nan magazin yo. Jis panse ki jan yo eseye vann ou yon chat nan makout, lè ke gen dè santèn e dè santèn de ka jis anba nen moun yo la a. Kisa bagay sa ye? Se yon bagay pou fè legliz Pwotestan rantre dirètement nan jwèt yo, ou wè, fè I yon bagay. E alòs vrè zèv Senyè a, kote li pafètman konfime, te pwouve, yo pa t oze pale de sa nan jounal. Men kote w ye. Yo te resevwa yon envitasyon epi yo te refize I. Wi, mesye.

120 Yo pa ka konprann ki jan yon Mesaj senp, yon pèp senp, pou yo rejte yon bagay konsa ta lakòz yo tonbe nan yon katastwòf.

121 Yon madanm m te di m, nan Grants Pass, Oregon, kèk tan de sa, yon jenn fi Katolik soti la a pou kondane epi ekri yon atik. Li te yon repòtè jounal, yon pake sigarèt nan men I. Epi li di: "M vle pale avè ou." M te di: "De Kisa w vle pale?" Li te di: "Mwen te vle poze w kèk kesyon sou reliyion w lan." Epi m di, "Ki sa w vle mande?" Apre sa, li di: "Avèk ki otorite w fè sa?"

122 M te di, "Nan Non Jezikri, pa yon apèl Divin." Apre sa, li te kontinye, ap fè kokin. M te di, "Jis yon minit." Li te di: "Si m ta dwe asosye ak pakèt inyoran sa yo ki la a," li te di, "m pa ta menm vle vin yon kretyen." Li te di, "Epi si yo...Yo di ke moun sa yo pral dirije tè a yon jou." Li te di, "Mwen espere ke m pa p isit la." M te di, "Pa enkyete w. Ou p ap la." M te di, "Ou... dwe enkyete pou sa." "Poukisa," li te di, "tout deblozay ak rele fò sa yo!" M te di, "Epi w fè konnen ke w se yon Katolik?" Li te di, "M se youn."

123 M te di: "Èske w te konnen vyèj Mari ki te beni an te resevwa Sentespri a e I te pale an lang, e danse nan Lespri , menm jan yo te fè I la, anvan ke Bondye te aksepte I I? Ou rele I manman Bondye." Li te di, "Sa a pa gen sans." M te di, "Jis yon minit. M..." "M pa t sipoze konsilte Bib la."

124 M te di: "Ebyen, ki jan w pral fè konnen ki sa ki verite ou pa? Li te di, "M pran pawòl ke legliz mwen an ban mwen."

125 M te di: "Sa a se Pawòl Bondye a. Mem Li jis la a. M ba w defi pou gade ladann. Kidonk Mari te avèk yo anwo a nan chanm wot la, epi li te resevwa batèm Sentespri a menm jan ak rès yo. Epi w rele I manman Bondye." M te di, "Apre sa ou rele sa, 'Pil fatra, salte?" M te di, "Pa enkyete w. Ou pap la. Ou pa gen anyen pou enkyete w, si se pou tout sa w gen pou enkyete w. Pito w enkyete w pou pwòp nanm peche w la, jenn fi." Apre sa, m kite I ale.

126 Kounye a, panse ak tout bagay sa yo, yon senp. Bondye fè l tèlman senp. Kouman Akab, kouman Jezabèl, kouman moun sa yo ki te panse ke Eli te yon sòsyé, te kab panse li se yon esprit? Menm Akab te di: "Men moun ki te fè tout malè sa yo pamì pèp Izrayèl la." Li di: "Se ou menm ki boulvèse pèp Izrayèl la."

127 Ki jan nasyon sa a ta vle kwè, ke si yo rejte mesaj yon nonm ki gen figi chaje bab konsa, ki pa gen okenn abiman prèt sou li, elatriye, se ta kondanasyon l? Ki jan peyi Lejip la te kab dirije mond lan, ak farawon yo, ak klas diyitè l yo...? Mond lan pa janm rive nan nivo sa a ankò, nan syans elatriye. Kouman yo ka kwè, pou yo rejte yon ansyen pwofèt ki gen katrevèn lane, ak moustach pandye, cheve gri, ap pile tè a la, yon sovadò? Apre sa vin parèt la a ak yon mesaj, "Swa w ap kite yo ale, oswa Bondye pral detwi nasyon an." Kisa Farawon te ka fè? "Ou pral obeyi m, farawon."

128 Farawon te di: -Obeyi? Oh, limenm, Farawon! "Epi yon vye granmoun, yon vye nonm biza , " yo te panse, "rejte yon nonm konsa, se detwi yon nasyon?" Men, li te fè li. Oh, lala! Ann kanpe, pran yon poz kèk minit e ann priye, epi reflechi. Nan ki jou nap viv la a? Ki kote nou ye? Yon lòt modèn, syantifik aj. Nou fè mye panse. Petèt, ret kanpe, ret kanpe epi priye yon ti moman, e reflechi yon ti kras, ou ta santi w pi byen apre ke w fin fè sa. Se vre.

129 Yon kretyen se pa yon zouti, oswa yon sòt de kle mekanik pou yon gwo sistèm reliye. Se vre. Yon kretyen se pa yon jan de zouti ki kenbe yon òganizasyon reliye an mouvman. Yon kretyen, sa a se pa yon kretyen. Yon kretyen dwe sanble ak Kris la. Epi yon kretyen pa kab yon kretyen jiskaske Kris antre nan nonm lan, lavi Kris la nan li. Answuit li pwodui lavi ke Kris te viv la, epi w fè sa Kris te fè a.

130 De kisa m ap pale? Relasyon pèsonèl ak Kris. Kisa l ye? Èske vi w diy pou Levanjil la? Kounye a m ap eseye depoze fondasyon sa a la, montre w sa, gason ak fanm ki te gen renome fanm ak gason.

131 Bib la te di. Ou te remake? Dimanch swa pase a, yon bagay mwen bliye mansyone, Jenèz 6yèm chapit la ak 4yèm vèsè a. "Mesye sa yo ki te pran fanm yo pou madanm yo, se te nonm nan ansyen tan an ki te renome." Gason renome, ki te predi pou tounen ankò. "Jan sa te ye nan epòk Noye a, se konsa sa pral ye lè Fis lòm nan ap vini an." "Gason ki renome pran fanm," pa madanm, "fanm; ale dèyè lachè fanm etranje."

132 Gade an Angletè, sa gen kèk semèn. Gade nan Etazini. Gade tout kote, plen ak pwostitisyon. Grantòm, ekstròdinè, ki nan gwo fonksyon, ap mennen wont sou nasyon an, ap kouri dèyè fanm. Grantòm sa a la ba a an Angletè, yon jan de yon seyè lagè, tankou, sa l ye, ou remake, li te gen yon bèl madanm. Foto l te la a, la ba a. Gad pwostitye Ris sa a, men li te

abiye ak rad seksi toutbon, li lage I deyò a, pou ekspose kò fanm li an. Epi nonm lan tonbe pou li.

133 Sa nou bezwen jodi a se ptit gason Bondye. Nou bezwen gason nan gouvènman an, ki se ptit Bondye. Se vre. Se poutèt sa, yon bon wa ki gen Bondye ta sispann tout sotiz yo. Pa ta gen pyès fisèl pou rale. Menm jan David te fè I la, li te met fen a sa. Li te Sètènman fè , ' paske li te wa a. E te gen sèlman...

134 Meyè fason an, sèke, se Bondye ki Wa a, epi Bondye voye yon pwofèt. Èske Samyèl pat di yo anvan menm ke yo te gen yon wa? Li te di: "Bondye se Wa w. Èske m te janm di nou yon bagay nan Non Seyè a, ki pa t rive? Yo di: "Non. Se vre." "Èske m janm mande nou lajan nan lavi nou?" "Non. Ou pa t janm mande nou lajan pou viv." "M pa t janm di nou anyen lòt ke sa k vre, devan Seyè a." Li te di: "Bondye se Wa w."

135 "Oh, nou reyalize sa. Epi nou konnen ke w se yon bon moun, Samuel. Nou kwè ke Pawòl Senyè a vin a oumenm, men nou vle yon wa, kanmenm." Ou wè? Se sa ke yo jwenn.

136 Lapannkòt te vle yon òganizasyon, kanmenm. Li te jwenn li. Se vre. Yo te vle fè tankou rès legliz yo. Se sa w ye. Ou mèt ale, se sa, se jis sa ke sa pran. Men, Bondye se wa nou. Bondye se Wa nou. Wi, mesye.

137 Kisa sa I ye? Se paske moun yo, tankou yo te fè nan epòk Kris la, tankou yo konn gen nan chak aj, yo jwenn yon eskiz. Yo gen pwòp credo yo. Ou te gen dwa pa vle di: "Mwen—m te achte yon bèf, epi mwen dwe al wè si l—li pral travay ou pa, oswa pral bay lèt, oswa—oswa ki ras li ye." Ou te ka pa gen eskiz sa a. Men, men kalite eskiz moun yo ka bay, "M se yon Presbiteryen. Nou pa kwè nan Sa. M se Batis. Nou pa kwè nan okenn bagay konsa. Bon, m se yon literyen." Bon, sa pa gen anyen pou wè avè I. Sa pa vle di ke w se kretyen. Sa vle di ke w fè pati yon bann moun ki òganize. Epi w fè pati de lòj Literyen, lòj Batis, lòj Pannkotis. Pa gen yon tèl bagay tankou Legliz pentkotist. Pa gen yon bagay tankou Legliz Batis. Se lòj Batis, lòj pentkotist, lòj presbiteryen. Men, gen yon sèl Legliz. Epi gen yon sèl fason ou ka antre ladann, e se pa Nesans. Ou fèt nan Legliz Jezikri a, e w se yon manm nan kò L, nan delegasyon espirityèl syèl la. Alòs siy yo, ke Kris la avèk ou a, ap manifeste nan ou.

138 Kretyen, oh, ou dwe gen yon relasyon pèsonèl ak Bondye. Pou w vin yon ptit gason Bondye, ou dwe vin an relasyon ak Bondye. Li dwe papa nou, pou nou ka ptit li. Epi se sèlman ptit gason ak ptit fi L yo ki sove, se pa manm yon legliz, men ptit gason ak ptit fi yo. Gen yon sèl bagay ki pral pwodwi sa, se nouvo Nesans la. Nouvo Nesans la se sèl bagay ki pral pwodwi relasyon ak Bondye. Pa vre? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Ptit gason ak ptit fi yo. kidonk lè sa rive, Lè sa a, mesye yo...

139 Men kesyon ke m vle poze w la. Mesye a di: "Kisa nou dwe fè apre ke nou fin ne de novo?" Anpil moun poze m kesyon sa a. "Kisa m ta dwe fè lè sa a, Frè Branham?" Si w ne de novo, tout nati w chanje. Ou mouri a bagay ke w te konn panse yo.

140 "Bon," ou di, "Frè Branham, lè m te antre nan legliz la, m te resevwa I." Bon, alòs , se lè ke, Bondye te di, "Jezi Kris se menm nan ayè, jodi a, e pou tout tan. Li toujou geri malad yo. Li toujou montre vizyon." "Men, Frè Branham, legliz mwen an!" Ebyen, ou pa ne de novo. Ou Wè? Ou poko ladann; paske, si Bondye a menm, si lavi L nan ou, menm jan ke...ou nan...vi papa w, epi, si lavi menm ki nan Bondye a nan ou, menm Lespri ki te nan Kris la, nan ou, kouman Lespri a ka viv nan Jezikri epi ekri Sa a, apre retounen desann nan ou epi renye Sa? Ou wè? Li pa ka fè I. Li pral met aksan pou ke chak Pawòl Li dwe konsa.

141 Lè sa a, si w di: "Bon, m se yon bon manm legliz," pa gen anyen pou wè ak sa. M konn moun lòt nasyon yo. Anba a an Afrik, pamí frè nwa m yo laba a, mwen jwenn moralite yo pi wo pase—pase katrevendis poustan pèp Ameriken an. Se kisa, kèk nan tribi laba a, si yon jèn fi pa marye jiskaske I atenn yon laj kèlkonk, oswa lè I rive yon grandè epi pèsonn poko pran I, yo konnen ke gen yon bagay ki pa mache. Yo ekskominye I. Li wete koulè tribi a, epi I al nan vil la, Lè sa a, li jis tounen yon drivayèz. E lè I marye, li teste pou vijinite I. Si ti vwal la dechire, alòs li gen pou I di kiyès ki fè I. Epi yo touye tou lè de, ansanm. Èske pa ta gen anpil moun pou touye si ta gen sa an Amerik? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Ou wè? Konsa, ou rele yo payen? Oh, lala! Yo ka vin anseye moun, ki rele tèt yo manm legliz, kijan pou yo viv pwòp. Se vre.

142 M pa janm jwenn yon sèl ka maladi veneryen nan tout vwayaj la atravè Lafrik di sid. Yo pa gen bagay konsa. Se sa I ye. Ou wè? Se sèlman pwòp fason sal kowompi nou an, kòm moun blan. Se vre. Nou te elwaye n de Bondye.

143 Lè sa rive, bagay ou pral fè lè sa a, ou pral dekouvri ke se Lespri ki vin nan ou, depi Nouvo nesans lan, ou pral kwè epi fè tout sa Bondye di nan Pawòl li pou fè. E tout sa Bib la di pou fè, ou pral klouwe I ak yon "amèn". Epi ou p ap rete, lajounen kou lannwit, jiskaske w resevwa I. Se vre. Se vre. Epitou pandan tout tan sa a, ou pral sètènman, padesi tout bagay, pote fwi Lespri a.

144 Ou di: "Èske m pral pale an lang? Ou ta ka fè sa, menm jan ke w ta ka pa fè I. "Èske pral rele fò?" Ou ta ka fè sa. Ou ta ka paf è I. Men gen yon bagay ki sèten ke w pral fè. Ou pral pote fwi Lespri a. Epi fwi Lespri a se lanmou, lajwa, lapè, lafwa, tanperans, dousè, bonte, pasyans. Tanperaman kolerik ou a pa pral, " Oooh !" Jis sonje, lè w te genyen sa, sa te anpwazonnen Lespri Sen an epi elwaye I de ou. Ou wè? Lè w rive yon kote ke w vle fè kont

ak tout moun ke w rankontre, gen yon bagay ki pa mache. Lè w rive yon kote lè ke... yon minis pral li nan Bib la, ke l pa bon pou w fè yon tèl bagay, epi, ou pral... Jis sonje, pa gen Kretyente la a ditou. Se Kounye a; ke "W ap konnen yo gras a fwi yo." Se sa Jezi te di. Ou wè?

145 Si se Pawòl la, epi Bondye di l konsa, Lespri sa a ki nan ou pral konpoze ak Pawòl sa a, chak fwa. Paske, Sentespri otantik la pral konpoze ak Pawòl la, 'paske Pawòl la se Lavi ak Lespri. Jezi te di: "Pawòl mwen yo se lavi." Epi si w gen Lavi Etènèl, epi li se Pawòl la, ki jan Pawòl la ka nye Pawòl la? Ou wè? Ki sòt de moun ou ta fè Bondye? Sa se yon sèl bagay pou konnen, ke w se yon kretyen, lè w ka konplètman annakò a chak Pawòl Bondye a.

146 Epi w twouve w annamou ak lenmi w yo. Yon moun di , "Bon, li pa anyen lòt ke yon sen k ap woule." Epi w kòmanse gen ... Ah! Fè atansyon. Um-hum. Fè atansyon. Men, lè w finalman reyalize, ke w renmen l ! Kèlkeswa sa yo fè a, ou toujou renmen yo. Ou wè?

147 Apre sa ou kòmanse ap dekouvri, ke pasyans ou ap vin pi long, nan pwen ke l jis san fen. Nenpòt moun jis kontinye ap di yon bann bagay sou ou, "Bon, sa pa deranje m sa ke w di!" Penga w boulvèse. Si w boulvèse, pito w al priye dabò, anvan w tounen pale ak yo. Ya. Ya. Pa antre nan fè kont. Pa renmen rantre nan fè kont; Si w renmen wè yon moun leve kanpe nan legliz la, epi di, "Ou konn yon bagay? M'ap di w ke, entèl-entèl te fè si e sa." Ou va di, "Ebyen, frè, mwen wont pou ou."

148 Si w di: "O, se konsa menm?" Ap tande eskandal sa a? Atansyon. Sentespri a pa yon twou dlo santi. Ou wè? Non, non. Non, non. Sentespri a okipe Kè a, li plen ak sentete, ak pyete . "Pa panse a sa k mal, pa fè sa k mal; kwè tout bagay; andire, gen pasyans." Ou wè?

149 Pa chache kont. Lè fanmi an ap chache kont, pa fè kont ak yo. Manman w te di: "Mwen p ap kite w monte la a, al nan ansyen legliz sa a, ankò. Ebyen, ou menm nan, tout sa w panse kounye a, se ap kite cheve w pouse. Ou sanble ak kèk vye granmoun." Pa fè kont avè l. Di, "dakò, manman. Se trè byen. Mwen renmen w, jis menm jan an. E m ap priye pou ou toutotan m vivan." Ou wè?

150 Kounye a, pa fè kont. Ou wè? Kòlè anjandre kòlè. Premye bagay ou konnen, ou atriste Sentespri a e Li elwaye L de ou, ou pral nan tounen fè kont. Alòs, Sentespri a met deyò. Kòlè anjandre kòlè. E lanmou anjandre lanmou. Se pou w ranpli ak lanmou. Jezi te di: "Sa a tout moun pral konnen ke n se disip mwen, lè n gen lanmou youn pou lòt." Lanmou, Sa se fwi Lespri Sen an.

151 Epi èske w te konnen, ke w se yon ti kreyatè, ou menm? Ou konn sa? Sètènman. Ou te wè moun ke w jis renmen yo nan paraj ou. Ou pa konn poukisa. Jis sòt de moun ki emab. Ou

te wè sa? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Yo jis chaje ak jantiyès, ou renmen bò kote yo. Sa a... Yo kreye atmosfè sa a, ak lavi y ap viv la, fason yo pale, konvèrsasyon yo. Answit, ou te wè moun ki, chak fwa, ou-w ap evite yo. Tout tan, yo vle pale de yon bagay ki mal, epi pale sou moun. Tande non , "O, lala! Men y ap vini. Yo pral kritike yon moun la a. Li anndan an la a kounye a, li pral pale de mesye sa a. Tout sa yo pral fè se rakonte blag sal, oswa yon bagay osijè fanm, oswa yon bagay konsa." Ou jis rayi twouve nan mitan yo. Ou wè? Yo kreye. Annaparans, bon jan moun, men yo kreye atmosfè sa a. E bagay ke w panse yo, bagay ke w fè yo, aksyon yo, bagay ke w di yo, kreye yon atmosfè.

152 M te antre nan biwo yon mesye, isit la nan vil sa a. Epi nonm sa a se yon administratè, oswa li se yon dyak, nan yon bèle legliz. Mwen te antre wè nonm sa a osijè de kèk biznis. Epi gen yon radyo la a, ki t ap jwe mizik wòkenwòl sa a oswa twis sa a, kèlkeswa sa I te ye a, osi fò ke I te kab jwe. Apre sa m devine te gen karant afich nan biwo I, ak fanm toutouni. Koulye a, m pa ka di kouman ke I se yon dyak, oswa plis ankò . Kite m wè sa w ap gade, ak sa w ap li, ak kalite mizik w ap tandem, bann ak ki moun ou asosye, epi m pral di w ki kalite lespri ki nan ou. Ou wè? Ya.

153 Ou tande yon nonm ki di, "Mwen fè si e sa? bann moun sa yo..." Jis raple n, m pa bay enpòtans a sa I di. Pawòl li yo pale pi fò. Aksyon I yo pale pi fò ke nenpòt bagay li te kab di. Li te kab temwaye, di ke I se yon kretyen, sèten, e petèt fè nenpòt ki bagay la. Men ou jis gade ki kalite vi I ap viv. Sa di kisa I ye a.

154 Kounye a, èske w ka imajine sa, yon nonm ki gen lavi nan li ki ta di, "Kwè nan gerizon divin, se yon bagay pou zwazo. Sa se te dè zane de sa. Pa gen yon tèl gagay jodi a"? Èske sa se yon vi ki diy pou Levanjil la, ke, "Kris te blese pou transgresyon nou yo, epi nou te geri ak blesi li yo"? Ou di, "Men m se yon dyak." Sa pa deranje m. Ou ta ka yon evèk.

155 Lè m te tande Evèk Sheen di nan radyo a, sa gen anviwon dezan, m tap desann la a; m pa janm tande I ankò. Lè li te di, "Yon moun ki ta kwè epi eseye viv dapre Bib sa a, te tankou yon moun k ap eseye mache nan dlo labou." Evèk Sheen, apre sa te vire tounen, li di: "Lè m rive nan syèl la, ou konn kisa? Lè m rankontre Jezi, m pral di I 'Mwen se Evèk Sheen,' epi l'ap di: 'O, wi, m te tande manman M pale de ou.'" Se paganis, mesye ki t ap blasfeme Pawòl sa a. Ke Bondye gen pitye. M pa jij la. Ou wè? Pawòl sa a se Laverite. Dakò. Epi Lespri Bondye pral rekonèt pwòp ekriti L. Li te idantifye pa ekriti L. Sa—Sa—Sa pale de Li. Epi w te idantifye lè w kwè Li, epi Li ba w lèt rekòmandasyon pou idantifikasyon w.

156 Pa fè kont ak lòt moun. Epi pa fè—epi pa fè diskisyon nan fanmi sa yo, jan ke m te di a. Lanmou anjandre lanmou. epi kòlè anjandre kòlè.

157 Kounye a, kounye a ann obsève. Gad Jezi, jis pou yon minit. Li te egzanp ou. Mwen espere ou pa twò fatige. Ou wè. Ann gad Jezi, jis yon minit. Li te egzanp nou. Li di konsa. "Paske m ban nou yon egzanp, pou nou fè ak lòt moun yo menm jan m te fè ak nou."

158 Kounye obsève. Lè ke L te vin nan mond lan, alòs ke te gen plis, oswa menm kantite enkredilite nan monn nan lè sa a ke jan k te konn genyen, sa pa t menm ralanti l. Li te kontinye preche menm jan an, e li te geri menm jan an tou. Sa pa t janm deranje L. Te gen kritikè. Yo te kritike Nonm lan depi lè L te yon ti bebe jiskaske L te mouri sou kwa a. Èske sa te rete l? Non, mesye. Se te kisa objektif li? "Toujou fè sa Papa a te ekri. Toujou fè sa ki fè L plezi."

159 Gad Jezi. Wap pale de imilye tèt nou? Lè Bondye li menm te yon ti bebe, olye pou l te vini nan yon—yon ti bèsò anndan yon kay nòmal, li te fèt deyò la a sou yon pil fimye nan yon etab, nan mitan ti bèf k ap rele. Yo vlope l nan yon twal, ki te soti nan joug ki nan kou yon bèf. Pi pòv pamí pi pòv yo, e, poutan, Kreyatè syèl la ak tè a.

160 Yon jou lannwit frèt anba lapli, yo di: "Mèt, nou pral lakay ou avè w."

161 Li di: "Rena yo gen tanyè yo, e zwazo yo gen nich yo, men mwen pa menm gen kote pou m poze tèt mwen." Bondye, Jewova, te imilye tèt li e li te vin yon Nonm; Li te prezante nan yon kò peche, pou rachte oumenm avè m. Kiyès nou ye apretou? Li te egzanp nou. Kiyes mwen ye? M pa anyen.

162 M t ap di yon moun, apre midi sa a, nan yon ti reyinyon. M te di: "Tout pitit gason ki vin de Bondye dwe epwouve, anvan, epi te chatye." Mwen sonje lè mwen te gen pa m nan, oswa pi bon moman m nan. Lè yon—lè yon nonm ne de novo, gen yon ti plas, ki ka gwosè zong li, ke enjekte nan li, nan sistèm li, epi li tonbe nan kè l epi l ankre la. Apre sa, Satan vin mete l a leprèv. Men si bagay sa a pa la, ou fini.

163 Mwen sonje nan lopital la la a, mwen te gen anviwon venndezan, venntwa, petèt, la ba a, m te yon jèn gason. Epi papa m ap mouri nan bra m, lè ke m ap pale de Bondye kòm yon gerisè. Epi pwòp papa m ak yon atak kè, tèt li lage nan bra m, epi m ap priye pou li; e m wè li vire zye sa yo e l gade m, epi l pati, al rankontre Bondye. Mwen te pran l epi m te antere l' bò kote frè m nan, flè yo te toujou fre sou tonm li, epi m t'ap preche yon Bondye ki konn geri malad. M t ap travay pou Konpayi Sèvis Biblik la, pou ven santim pa lè, e madanm mwen k ap travay isit la nan faktori chemiz la; pou ede nou okipe ti gason dizwit mwa nou an, Billy Paul, ak yon timoun uit mwa ke l te gen lan men l. M te wè Sè Wilson souke tèt li. Li sonje sa; Roy Slaughter ak kèk nan ansyen yo.

164 Kisa m te fè? M t'ap mache nan lari a, ak yon sandwich nan men m, mwen desann poto a, e m ap temwaye a tout moun k ap pase, sou lanmou Jezikri. Al nan garaj yo epi mande yo si m te kab itilize l, pale ak mekanisyen yo. Antre la, di yo, "Mesye, èske n sove deja? M te jwenn yon bagay nan kè mwen." Ale nan makèt yo nan mitan lannwit. Antre lakay mwen a de oswa twazè di maten, paske m nan telefòn ak malad yo tout nwit lan. M pa t kab... Jis ret chita, chanje m epi mete rad travay mwen sou mwen. Epi chita la a sou chèz la epi repoze m jiskaske solèy la parèt, reveye epi met deyò. Epi m tèlman mèg, afòs ke m ap jene ak lapriyè, jouk mwen oblige lapriyè pou mete kwochè m yo, pou m monte poto a. Ap preche, ap preche ke Bondye te ekstraòdinè, Bondye te gen mizèrikòd, Bondye se te lanmou, pou moun. Epi, la a, papa m ap mouri nan bra m. Epi, frè m yo te mouri, yo te touye yo pandan m te kanpe sou chè a anba la a nan ti legliz pannkotis pou moun nwa sa a, ap preche. Yo vin di m ke, "Frè w te mouri sou otowout la. Yon machin te frape l e te touye l." San pwòp frè l ap koule sou chemiz li, kote l te ranmase l sou otowout la. Tousuit apre m te fin antere l, papa m te mouri. Finalman, men madanm mwen lonje la a.

165 Epi m te kite, pou m vin isit la nan tabènak sa a. De la a, a kote lestrad sa a ye a, m te di moun yo, sis mwa anvan sa te rive, ke "Pwal gen yon inondasyon k ap rive. Epi m te wè yon anj pran yon baton, li mezire, 'Ven n de pye nan Spring Street.'" Sandy Davis ak lòt yo ki te chita la a, te ri, li di, "Se te sèlman anviwon uit oswa dis pou an 1884, gason m. Ki sa k ap pale avè w?"

166 M te di, "Sa pral rive. Paske, mwen te wè youn nan inoptizè yo, e Li te di m 'sa. Epi li pral fèt la a." Epi gen yon mak nan Spring Street, jodi a, ki mezire vennde pye dlo. M te di: "M te travèse anlè tèt tabènak sa a nan yon bato." E m te fè l.

167 Nan moman sa a, madanm mwen te malad. M te priye pou li. Apre sa, m vin nan tabènak la, moun yo t'ap tann li. M te di, "L ap mouri." "Oh, sa a se jis madanm ou."

168 Mwen di: "La p mouri." M te al la ba a epi m te priye, m te priye e m te priye. Apre sa, mwen ta tann menm m yo. Li te kenbe men m. Li te di, "Billy, m pral rankontre jou maten an, m ap kanpe la ba a." Li te di, "Rasanble ti moun yo ansanm epi vin rankontre m nan pòtay la."

169 M te di, "Jis kòmanse rele: 'Bill.' M pral la ba a." Ou wè? Epi l te ale. M te depoze l nan mòg la. M te al lakay, pou lonje kòm. Epi lè m te fè sa...Ti Billy Paul te rete ak Madan Broy ak e lòt yo, li te tèlman malad. Doktè a te atann ke l t ap mouri nenpòt ki lè a. M t ap priye pou Billy. Epi men frè Frank vin chache m e l jwenn mwen. Li te di: "Ti bebe w la ap mouri, ti fi a."

170 M te al lopital la. Doktè Adair pa t kite m antre, li te di, "Li gen menenjit. Ou pral pote l bay Billy Paul." Li te fè enfimyè a ban m yon sòt de bagay wouj pou m pran, pou sèvi tankou

anestezi, yon bagay ki ka kalme m. Epi m te fè yo kite chanm nan, m te jete l pa deyò fenèt la. M te glise m pa dèyè pòt la, e m te desann nan sousòl la. Bebe a te lonje la a, nan seksyon izòlman devan lopital la, mouch te kouvri ti zye l yo konsa. Mwen te pran ansyen moustikè a m te pouse yo, epi m te mete l sou li. M te desann, m te di, "Bondye, papa m ak frè m antere la a, la ba a, ak flè yo sou tonm yo. Hope antere la a, ap repoze la ba a. E men ti bebe m nan, k ap mouri. Pa pran l, Seyè.

171 Li jis rale rido a, kòm si l ta di: "Fèmen bouch ou. M pa vle tandem ou, ditou." Li pa menm vle pale avèm.

172 Ebyen, si l pa ta vle pale avè m, se te tou pa Satan an. Li te di, "Epi te kwè w te di li te yon bon Bondye. Poukisa w ap fè tout rele kriye sa yo? Ou se jis yon jenn ti gason. Gade ozalantou a, nan vil la. Chak jenn fi ak jenn gason ke w te janm annafè panse ke w pèdi tèt ou. Ou pèdi l." Koulye a, li pa t kab di m' pa gen Bondye, ' paske m te deja wè Li. Men li te di m ke L pa t okipe m.

173 M te chita la a tout nwit lan, tout jounen an. M te mande Bondye, "Kisa m te fè? Montre m, Seyè. Pa kite inosan yo soufri pou mwen, si m fè sa k mal." Mwen pa t konnen ke li t ap epwouve m. Men, chak pitit gason ki vin a Bondye gen pou yo epwouve. M te di, "Di m sa m te fè. Mwen pral met sa annòd. Kisa mwen fè sof ke preche tout lajounen, tout lannwit, epi jis ba Li vi m, san rete? Kisa m te fè?" Satan di, "Se vre. Ou wè, kounye a, lè se oumenm , alòs ke w te di yo tout ke w kwè ke L se yon gran gerisè, epi men ti bebe w la lonje la a, ap mouri. Li refize menm tandem. Madanm ou te mouri ak nemoni tibèkiloz. Ou te di li te kab geri kansè, ebyen men li. Kounye a, w ap pale de Li ki bon e jan L bon pou moun. E ou menm?"

174 Kidonk m kòmanse tandem l. Sa a se rezònman. M te panse, "Se vre." Li te di: "Li te kab di... ou pa oblige pwononse Pawòl la, jis gade ti bebe w la, epi li va viv." M te di, "Se vre." "Epi ak tout sa ke w te fè pou Li a, e malgre tou se sa Li fè pou ou."

175 te di: "Se vre." Mwen kòmanse panse, "Bon, se kisa?" Ou wè? Tout bagay kòmanse tonbe an mòso, lè w tonbe nan rezònman. Men, lè l rive nan Sa, Sa te akwoche. Li te rete la. M te prèske pare pou m di, "Apre sa, m pral abandone." Men, lè L te desann jiskaske tout pouvwa rezònman yo te tonbe an mòso, Lè sa a, li te kesyon de Lavi Etènèl sa a, novo Nesans sa a. E si li pa t la a? E si l pat genyen l? Nou pa ta konnen nou youn lòt jan nou fè kounye a. Legliz sa a pa t ap isit la konsa la a, ak dè milye e dè milyon atravè mond lan. Men, mèsi Bondye, Sa te la a.

176 Epi lè m te panse, "Se kisa? Kiyès mwen ye, de tout fason? Ki moun mwen ye, pou m poze kesyon sou majeste l? Kiyès mwen ye, pou m kesyone Kreyatè a ki ban m lavi isit la

sou tè a? Ki kote m jwenn ti bebe sa a? Kiyès ki ban mwen li? Li Pa mwen, de tout fason. Li te jis prete m, li pou yon ti tan." Mwen te di: "Satan, wete kò ou sou mwen." M ale, m mete men m sou ti bebe a. Mwen te di: "Bondye beni w, cheri. Nan yon minit papi pral desann ou, mete w nan bra manmi. Zanj yo pral mennen ti nanm ou ale. Apre sa, m pral rankontre w jou maten sa a." Mwen di: "Seyè, ou ban mwen li. W ap mennen l ale. Menmsi w touye m, jan Jòb te di a, poutan, mwen renmen w e mwen kwè nan ou . Si w voye m nan lanfè, m ap renmen w, kanmenm. Mwen pa ka kouri pou sa." Men kote w ye. Si se Jis entelektyèl, tou sa t ap tonbe an mòso. Men, ou dwe gen yon relasyon pèsonèl. Ou dwe ne de nouvo.

177 Se rezon sa a ki fè ke minis yo met deyo, gwo atak ak bagay sa yo. Yo di, "Pa gen yon tèl bagay tankou gerizon diven. Pa gen ton tèl bagay tankou bagay sa yo." Yo pa t janm al sou teren sakre sa a, jan m t ap pale maten an. Yo pa konn anyen de Li. Kouman yo ka di ke yo se pitit Bondye, epi nye Pawòl Bondye a? Kouman w ka fè sa, rejte Lespri Sen an ki te achte w la?

178 O, jis sonje, Jezi te imilye tèt li, jouk nan lanmò, pou ou. Li pa t fè eskonbrit. Lè yo krache nan figi l, li pa t krache sou yo tou. Lè yo te rale bab li, li pa t rale bab pa yo. Lè yo souflet L nan yon bò figi, e lòt la, li pa t janm remèt yo souflete la. Li te priye pou yo, li te kontinye avanse, avèk imilite. Li te yon egzanp de imilite.

179 Li te ranpli ak lafwa. Poukisa? Li te konnen ke Pawòl Li yo pa t kab fayi. Li te tèlman viv dapre Pawòl la jiskaske L te vin Pawòl la. O Bondye! Kite m kenbe de men m yo nan direksyon Bondye, devan asanble sa a. Kite m viv konsa. Se pou Pawòl sa a vin konsa, ke mwen menm ak Pawòl sa a vin menm bagay: se pou pawòl mwen yo vin Pawòl sa a; se pou meditasyon kè m nan; Se pou l nan kè m, nan panse m; mare kòmandman l yo sou poto entèlijans mwen an; mare yo sou poto kè m; kite m jis wè li; Lè tantasyon an rive, kite m wè Kris la; lè bagay yo ale mal, kite m jis wè L; lè mwen pare, epi ènmi an ap eseye fè m fache, kite m wè Jezi, kisa L ta fè?

180 Li te tèlman nan Pawòl la, nan pwen ke li menm ak Pawòl la te vin menm bagay la. Gade byen.

181 Li pa t nan fè kont. Li te konnen ke li menm ak Pawòl la te menm nan. Li te konnen li se Pawòl Bondye a ki manifeste, e ke kòmandman Bondye a t ap finalman venk mond lan. Li te konnen ke L, se Pawòl Li. Li te gen lafwa. Li te konnen ki kote L te ye. Li pa t oblige diskite, epi di, "Hey, oumenm ou ka vin la a."

182 Dyab la te di, "Koulye a, gade, Ou ka fè mirak. Ou konnen ou te gen yon fwa solid. Ou ka fè mirak. Mwen pral bati yon bilding pou Ou, de fwa gwosè pa Oral Roberts la. Paske, tout

moun yo...—sèl bagay Ou dwe fè, se fè yo demonstrasyon. Sote anba biling sa a la a, jis jeté W anba paske li ki ekri, ou wè, 'Zanj yo ap pote Ou, pou enpeche ke pye W nenpòt ki lè a pa frape yon wòch.' Ou wè? Li te konnen ke L te gen pouvwa. Li te konnen ke L te kapab fè L. Li te konnen I te nan Li, men li pa t vle sèvi ak li jiskaske Bondye te di I fè I. Ou wè? Li vle ke se Bondye nan li, se Pawòl la nan tout bagay. Epi L te konnen, lè L te di yon bagay, ke se te Pawòl Bondye a; e menmsi syèl la ak tè a pase, Pawòl sa a pral viktorye yon jou.

183 Li pa t tapajè epi rakontè. Li te jis pwononse Pawòl Bondye yo. Chak Pawòl ki soti nan bouch Li se te Pawòl wenn Bondye a. Èske se pa ta yon bél bagay si nou ta ka di sa, "Pawòl mwen ak Pawòl Bondye a se menm bagay la. Sa m di, se sa ke L onore, paske m pa fè anyen jouk li di m li anvan? Oh, men egzanp ou. Men yon vi ki diy pou Levanjil la.

184 Se pa prêt sa yo ki te tèlman edike e poli, epi ki gen tout gwo diyite sa yo, ki kanpe epi priye long, ki devore kay vèv yo, ki chita nan gwo chèz yo nan—nan kongregasyon an, tout bagay sa yo la a. Yo te ... Sa pa t 'yon vi ki diy pou Levanjil la. Men, li te telman diy pou Levanjil la, ke Bondye te di: "Sa a se Pitit Gason Byennene m nan, nan li mwen jwenn kè kontanm m. Koute li. Pawòl mwen se Limenm. Limenm se Pawòl Mwen. Mwen menm ak li se menm bagay la."

185 Ou Konnen, obsève sa a kounye a. Li te konnen ke Pawòl Li a pral finalman konkeri mond lan. Li te konnen ki kote Pawòl Li a soti. Li te konnen Ke L pap janm ka echwe, se pou rezon sa a li te di, "Syèl la ak tè a pral pase, men Pawòl mwen an p ap janm echwe." Ou wè? Li te kapab di sa. Sa se te yon nonm ki li menm ak Pawòl Bondye a vin menm nan. Li te di yo... "Nou te dwe fè si ak sa a."

186 Li te di: "Kiyès ki ka kondane m pou peche? Ki moun ki ka akize m?" Peche se "enkredilité". "Si mwen menm, ak dwèt Bondye, m chase move lespri yo, pa kiyès pitit gason w yo chase yo?" Ou wè? Li pa t sa, kidonk li te dwe yon lòt bagay. Ou wè? "Si mwen..." Yo te di, "Bon, nou te chase move lespri yo."

187 Li te di: "Si m fè sa ak dwèt Bondye, yon Pawòl Bondye ki konfime, alòs pa kiyès pitit gason w yo chase yo? Kidonk, ou va jij la."

188 Moun nan epòk li yo, yo te konn pase I nan rizib, te konn pale sou li. Men, Limenm, yo te imilye L, tout jan yo te kapab. Yo te di I tout kalite mechanste, yo te kont li, men li te avanse. Koulye a mwen vle klotire nan yon minit, pou m di sa a.

189 Moun nan epòk sa a se yon pakèt moun ki gen pwoblèm ak nè. Moun nan jounen jodi a se yon pakèt moun ak pwoblèm nè. Yo pè pran pwomès Bondye yo. Moun legliz, òganizasyon

legliz, òganizasyon legliz yo pè pran defi ki ekri nan Liv Bondye a pou jou sa a. Yo reyalize. Yo reyalize ke kondisyon modèn yo ak levanjil sosyal ke yo preche a pa pral rankontre defi lè sa a, pa plis ke Samson te kab rankontre I nan kondisyon I lan. Li te pran Bondye. E men pwogram ki te pwomèt li a. M pral rive a sa jis nan yon minit.

190 Mwen vle kenbe pawòl sa a, yon minit. Menmsi yo rele tèt yo kreyen, yo adopte kredo, kredo lèzòm fè, pou pran plas Pawòl Bondye a. Kidonk, yo ka pran kredo a, paske nonm lan te fè I. Men yo pè mete fwa yo la a nan Bondye ke yo di ke yo renmen an. Se vre. E answit ou di ke vi a diy pou Levanjil la? Pa posib, menm si yo manm legliz. Men, sa pa diy pou Levanjil la. Non, vrèman pa.

191 Nan Levanjil la! Jezi te di, "Ale toutpatou nan mond lan epi preche Levanjil la bay tout kreyati. Siy sa yo pral swiv kwayan yo." Epi lè w nye sa pou suiv kwayan yo, ki jan w ka gen yon lavi... Pe enpòt, ou ta ka pa janm di yon move mo, ou ta ka obsèvè tout dis kòmandman yo, ki p ap gen anyen pou wè ak sa. Li toujou pa diy pou Levanjil la. Ou wè? Li pa t kapab. Prèt sa yo te obsèvè sa, e ankò pa t twouve diy. Li te di: "Ou vin de papa w, dyab la." Ki moun ki ta ka lonje yon dwèt sou youn nan mesye yo? Yon sèl mak kilpabilite, epi yo te lapide san pitye. Sentòm! Apre sa, Jezi te di, "Ou vin de papa w, dyab la," lè Levanjil la te antre.

192 Malgre ke yo rele tèt yo kreyen, yo renmen kenbe kredo yo, kredo pa yo. Oh! Kredo yo etabli e akonpli panse moun modèn yo nan jou sa a. Epi yon nonm ki pral gen siksè nan jou sa a, dwe ale ak tandans panse modèn nan. Kite m 'di sa byen e klè. Ou wè? Yon nonm, si w vle gen siksè, ou dwe ale ak panse modèn nan jou sa a. Li...Yo vire anwon, epi di, "Oh, èske I pa yon cheri? Èske I pa fòmidab ? Li ka jis rete la a dwat konsa, epi li pa janm kenbe nou plis pase kenz minit. Epi pastè nou an pa toujou rele dèyè nou sou bagay sa yo." Pastè sa a te dwe Wont. Nenpòt kiyès ki ka kanpe sou chè a la epi ap gade peche nan jou sa a, e ki pa kriye, gen yon bagay ki pa mache ak nonm sa a. Li pa diy pou Levanjil ke I pretann ap preche a. Se vre. kidonk, lè yo fè sa, yo bay tèt yo eskiz, lè yo di, "Koulye a, gad, asanble m nan!"

193 Yon—yon nonm te vin isit la, pa gen lontan de sa, li te vin de yon kèlkonk gran legliz, e I t ap ekri yon tèz. Epi li te di, "M ap ekri sou gerizon divin." Li te di: "Frè Branham, nou renmen w, nan denominasyon nou an." Youn nan pi gwo denominasyon yo, youn nan pi gwo nan nasyon an, oswa mond lan. Epi li te di, "Nou renmen w, nan denominasyon sa a." Li te la a nan Jefferson Villa. Men, li te di, "Mwen vin envestige sou gerizon diven sa a." Li te di, "Gen yon sèl erè ke legliz mwen an vrèman jwenn." Ou wè? Li te di, "Ou asosye w twòp ak pentkotist yo." M te di, "Bon, kounye a, ou konnen, sa a se vre." M te di, "Se vre. Ou konnen, mwen te toujou ap chache yon opòtinite pou m rale kòm sou yo." M te di: "Mwen pral di w yon

bagay. Mwen pral vin nan vil ou a, ou pral mande legliz ou a pou kòmandite m." "O," li te di, "yo pa ta p vle." M te di, "Se sa m te panse. Se sa m te panse."

194 Li te di: "Ou wè, denominasyon m nan p ap sipòte sa." Sa a ekivo ak menm eskiz, kòm, "M te marye ak yon fi," oswa "m te achte yon jouk bèf." Sa pa deranje m konbyen diplòme doktè ou te genyen, ak konbyen denominasyon w ka estime w. Jan de ministè sa a pa diy pou Levanjil ki ekri nan Liv sa a. Dakò.

195 Nenpòt manm legliz ki pral met tèt yo ansanm ak yon bagay konsa, epi ki pral rele tèt yo yon kretyen! Epi soti la a e viv...Epi medam yo k ap koupe cheve yo kout, ap mete rad ke Bib la di pou yo pa mete. Gason k ap kontinye jan y ap fè kounye a, "yon fòm pyete," bwè bwason epi fimen siga, epi marye plizyè fwa epi vin dyak legliz la e menm pastè, elatriye. E moun ki tolere jan de bagay sa yo, kalite vi sa a pa diy pou Levanjil la.

196 Yon fanm k ap mache, epi pran telefòn li, ap fè komeray, epi kòmanse ap fè kont nan legliz la, ak bagay konsa, sa pa yon vi ki diy pou Levanjil ke nou pral reprezante a. Nenpòt moun ki pral kraze yon legliz, epi kòmanse yon diskisyon ant manm yo, ak bagay konsa, pa diy pou Levanjil ke n ap preche a. Egzakteman. "Se yon fòm de pyete, ki nye sa k fè fòs la," pouvwa Bondye a ki epaye w bagay sa yo.

197 Remake, kounye a, yo pa fè sa. Yo jis pa pral fè l. Yo gen eskiz, ke, legliz yo pa kwè nan Sa. Yo... Bon, men, Jezi ta di—di yon nonm, aswè a, pale ak kè l epi di: "Mwen vle w al, preche plennevanjil la." "Legliz mwen an pa sipòte l, Seyè. Ou va eskize m, si w vle. Mwen gen yon bon . Mwen—mwen—mwen, Ou konnen, mwen se pastè, youn nan pi gwo legliz nan vil sa a, Seyè. O, nou Iwe Non W anba la a! Wi mesye. Sèten nou fè l. M pa ka fè li." Menm eskiz la, menm bagay. Konsa yo pa vin nan fèt espirityèl Pawò l ki te pwomèt la e ki konfime L la.

198 Èske Jezi pa t di: "Kote kadav la ye, Ég yo pral rasanble"? "Èg yo," pa votou yo, kounye a. Èg yo! Kote malpwòprete a ye, ak- ak- ak chawonj la, ebyen, votou yo rasanble. Men, kote Vyann ki fre epi pwòp la ye, Èg yo pral rasanble. Ou wè? Sètènman. Kote Pawòl la, manje Èg la, yo pral rasanble.

199 Konsa yo pa vin nan fèt espirityèl ke yo envite yo a. Èske w kwè ke Bondye te bay Amerik la yon envitasyon, kenz dènye ane yo, nan yon gwo revèy, nan yon fèt espirityèl? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Èske yo te vini? Non, mesye. Non, mesye. Alòs, paske yo refize vini, èske vi sa a diy pou Levanjil la, menmsi yo rele tèt yo konsa?

200 Lè yon nonm te vin kote m, sa pa gen lontan de sa, li te chita bò tab la, epi li te di: "Frè Branham, mwen vle ba w lanmen bò tab la," yon grantòm, "Mwen vle ba w lan men. Mwen

renmen w." M te nan yon legliz epi mwen te tande I ap preche. Li te di: "Mwen renmen ou. Mwen kwè w se sèvitè Bondye." Mwen te di, "Mèsi, doktè. Mwen renmen w tou." Li te di, "Mwen vle di ou jan mwen renmen ou, tankou yon frè." Epi li di: "Ou wè ti rèn mwen an ki chita la a, madanm mwen? Ou sonje li?" Mwen te di, "M sonje I." Li te di, "Doktè a ba l de semèn pou l viv, ak kansè nan sarcom. Epi w vin nan vil la, ou te priye pou li. Ou leve je w, ou fè yon vizyon. Ou te gade dèyè epi w te di m, ENSI DI SEYÈ A l'ap geri." Yon gwo tach nan do l, enfonse konsa, te sanble ak yon gwo ... tankou yon pati nan sen yon fanm ki rantre anndan, nan do l, dirèkteman sou kolòn vêtebral li. Pa gen menm yon tras de sa nan li, jodi a. Li te di: "rènn mwen an ap viv jodi a." Li te di: "Ki jan m ta ka fè yon lòt bagay ke renmen w, paske w te priye priyè lafwa sa a? Ki jan m ka anpeche m kwè w se yon—yon sèvitè Senyè a, lè w te wè m e w te di egzakteman sa ki t ap pase?" Li te di: "Kounye a, mwen gen yon bagay pou ou, Frè Branham." Li te di, "Mwen fè pati pi gwo lig Pannkòt ki genyen." M te di, "Wi, mesye. Mwen konnen sa." Li te di: "Mwen te pale ak frè yo, sa pa gen lontan, e yo te di m pou m kontakte w, pou te di w ke se yon wont pou te pran ministè ke Bondye ba w la pou pote l bay yon pakèt moun bò rivaj la e ozalantou konsa." M te di, "Se vre?" Li di: Ya." Li te di: "Bondye te voye ministè sa a frape nè ki sansib yo, pwen enpòtan yo, ki sote nan je yo."

201 Lè sa a, mwen te wè dyab la ap pale la menm. Mwen te panse, "ya. 'Sote anba sou mòn sa a, epi montre, ou konnen, deyò bilding sa a.'" Ou wè? Ou wè? M te panse, "Jis mennen l 'yon ti kras lwen." Vye manman m nan te konn di: "Bay bèf la ase kòd, l ap pann tèt li." M te di, "Èske se vre?" "Wi." Li di, "Se yon wont, sa ke w ap fè a?" Li di, "Kisa ou ye? Jodi a ou ka difisilman achte yon plat manje pou tèt ou." Epi li di: "Gad Oral Roberts ak lòt yo, li te antre la a, epi li te soti la ak yon santièm nan ministè w te genyen an. Gad ak kisa yo ale." M te di, "Wi. Se vre." Ou wè? Epi li di: "Gwoup mwen an pral pran w. Nou pral pran w tou swit, kòm—kòm youn nan frè nou yo. Yo tout pral ba w men dwat fratènité a, epi nou pral frete yon avyon, epi ba w yon salè senksan (500) pa semèn, oswa plis si w vle li. Epi n ap voye w nan tout gwo vil nan peyi a." Sa te rive la a nan Phoenix, Arizona, jis atravè tab la. Epi li te di, "Epi nou pral peye ..." Li di, "Apre sa, kite mond lan, mond lan deyò, kite diyitè yo, gwo chabrak yo, pi wo-pi wo yo..." Li di, "Ou toujou ap pale de sak anba nan bafon. Noumenm nou gen bon jan kalite a ." Li di: "Kite yo wè men Senyè a. Lè sa a, m'a kite yo mennen madanm mwen ansanm ak lòt moun ki ka pwouve ke bagay ou di yo rive vre."

202 M te di: "Wi, mesye. Sa t ap fòmidab." Koulye a,
gade, nonm lan, nan pozisyon yon Doktè nan Lèt,
Doktè nan Literati LLD, yon ekriven anpil liv, ou wè,
doktè nan literati, bon ekriven, bon moun. Ou wè? Li pa t

'konn ekriti. Èske w te konnen ke zanj ki te fè kalite travay yo pa t janm ale Sodòm? Li te rete ak gwoup ke yo te rele soti a, Abraham nan. Li jis pa t konnen sa. Mwen jis kite I trankil, m jis rete la a yon ti kras. M jis vle wè kisa atrap la te ye. M te di, "Bon, kisa m ta dwe fè?" Li te di: "Bon, Frè Branham, se sèlman sa yo te di... Nou te diskite sou li, kèk bagay, ti bagay piti ou anseye yo, ke w jis mete yo dekote." M te di, "Pa egzanp, kisa, frè?" "O," li te di, "batèm ou a, ou konnen. Ou konnen, jan kew batize tankou initè a, yon bagay konsa." Li te di: "Ti bagay sa yo." Mte di: "Oh?" Mwen te al devan. Epi li di: "Prèv inisyal la; ak fanm predikatè; ak jis kèk ti bagay konsa."

203 M te di: "En en?" M di: "Ou konnen, m sezi ke yon sèvitè Bondye ta mande yon lòt sèvitè Bondye, apre ou te rann mwen omaj ou te rann mwen an, epi ap rele m yon pwofèt, epi konnen ke Pawòl Seyè a, oswa revelasyon Pawòl la, vin jwenn pwofèt la. Epi w vire tounen, Doktè Pope, (sa pa reflete bon entèlijans ou), epi ta di e ta mande, yon sèvitè Bondye, ou mande yon lòt sèvitè Bondye pou fè konpwomi sou bagay ke...?... ki vle di plis pou li pase lavi limenm." M di: "Non, mesye, Frè Pope. Pa gen okenn mwayen pou m ta fè l. Non, mesye."

Kisa l ye? Gen yon gress Lavi Etènèl; viv oswa mouri, kit ou se yon moun enpotan oswa ou pa yon moun enpòtan.

204 M te pase la a, lòt jou an...San m pa derespekte de mesye sa yo. M te gade lòtbò la a, e te gen yon gwo afich la a nan Tulsa, Oklahoma; nouvo plas Oral Roberts la kap vini, yon seminè pou edike minis. Sa pral koute (E m konn Demos Shakarian, Frè Carl Williams, ak sila yo ki sou konsèy administratè I la.) senkant milyon dola, ak on bildin twa milyon dola; yon gason Pannkotis, se yon gran valè bagay Bondye te fè pou li.

205 M panse: "Mwen, ak on seminè? M kont sa, pou kòmanse."

206 Epi I di: "Kay alavni pou gran seminè Oral Roberts la." M te kontinye desann sou wout la, te gen yon gwo bagay modèn. E Oral Roberts, nan on ti tant an ranyon, te vini nan reyinyon m lan nan Kansas city, nan Kansas.

Sa te di: "Kay alavni pou Tommy Osborn," oh, zanmi, on plas apeprè twa oswa kat milyon dola ap konstwi la a konsa.

E la a, Tommy Osborn, youn nan mesye Kretyen ki pi debyen. Li se yon vrè òm, yon vrè òm Bondye voye. Li te kanpe dwat an fas lari a la a, ti gason ak nè, ti gason ak ti fi nan yon machin; kouri nan viwonn lan, te soti. Li di: "Frè Branham, m te la a lè m te wè manyak sa a kouri soti. E m te wè w lonje dwèt ou nan figi l, epi di: 'Nan Non Jezikri, sot nan li.' M te wè l

tonbe antravè pye w; apre l te met pwofesi li, di: ‘Aswè a, m ap frape w dwat nan mitan oditwa si mil senk san moun sa a.’” Epi l di: ‘M te wè w kanpe la a, pa janm elve vwa w, epi di: ‘Nan Non Seyè a, paske w te bay Lespri Bondye defi, aswè a, w ap tonbe sou pye m.’ Li di: ‘M ap montre w sou ki pye m pral tonbe.’”

207 Epi m di: “Sot nan li, Satan.” Li te jis tonbe sou dèyè epi l te klouwe pye m dwat atè a.

Li di: “Bondye se Bondye, Frè Branham. Se tou.” Li di: “Mwenmenm m te klouwe nan on kay pandan de ou twa jou.” Li pa kenbe anyen. L ap pale de sa. Li pa wont li. Li di: “Ou panse m ge yon don gerizon?”

208 M di: “Bliye sa, Tommy. Yo te voye w preche Levanjil. Al preche L. Al ak Frè Bosworth la a.”

209 M te gade la a, epi m te wè. M te kòmanse anvan tou de sa yo.

M te panse: “Men Oral Roberts ak senk san machin, ke pa menm yon men imen te manyen lèt yo; kat milyon dola nan lapòs, ane pase.” Kat milyon; on ka nan tout lajan ki te pran, nan tout mond Kretyènte a, plis. Yon ka nan lajan tout Kretyènte an vin jwenn yon nonm. Ala yon plas! M te soti la a pou wè li.

210 E, kounye a, Oral se frè m. O la la! M renmen l. Li se yon vrè kanmarad, vrè gason, e m renmen l. E li jis gen anpil estim pou mwen, e mwenmenm pou li, tou. Nou jis pa dakò sou—sou Lekriti.

E, Tommy Osborn, pa gen meyè pase sa. M jis gen anpil estim pou li. Li se youn nan mesye ki pi debyen mwen te rankontre, Tommy Osborn.

“E mesye sa yo,” m te panse, lè m t al nan biwo yo epi m te wè sa yo te genyen, “M panse m tap wont pou yo vini, pou wè pa m lan”: on ti machin a tape, epi nou kap eseye fè lèt yo soti. E ala on bagay! Poze nan bout on trelè, nan moman sa a. M te panse: “Kisa sa ta ye?”

Apresa m te mache soti. M te panse: “Ebyen, ‘Kay alavni Oral Roberts.’ ‘Kay alavni Tommy Osborn lan.’ Youn pa pale ak lòt la.”

Kidonk, mwen reprann wout la. M te panse: “Men e mwenmenm?”

211 E Yon Bagay te di: “Gade anlè.”

212 M te panse: “Wi, Seyè, kite m poze trezò m nan Syèl, paske men kote kè m ye.” Kounye a, m pap di sa pou yo gen pitye pou mwen. M pap di sa paske sa te rive, e Bondye konnen ke se vre. Ou wè?

213 Kote trezò w ye? Èske w vle pou w s on gwo moun? Si se sa w ye, ou pa pyès moun. Ou rive nan on plas jouk ou pa vle pou w se yon gwo moun. Ou vle pou w se yon ti sèvitè enb pou Kris. Se fason an sa. Se tou.

214 Frè Boze avè yo ap fòme yon legliz nan Chicago. Yo te jis dwe lage legliz Filadèlfyen an pou denominasyon sa a. Kounye a yo tap pale pou yo gen yon mesye ak manto l sou dèyè kon sa, kèk DD. M te di: "Ou sou move chemen. Si nou vle jwenn yon vrè pastè pou legliz sa a, pran yon vye ti mesye enb ki ka apèn li non l, epi kè l anflame pou Bondye. Jis pran mesye sa a. Se sila w vle genyen, yon moun ki pa konn tout bagay sa yo, yon moun ki pap dikte epi kondwi, epi voye w nan tout kalite dèt, tout lòt bagay, epi jis nouri w ak Pawòl Bondye a. Se jan de moun sa a pou pran."

Kidonk, yo pap vin nan fèt espirityèl la. M dwe fenmen. M te depase tan an kounye a. Nan apeprè si minit, nap fini reyinyon an, si Seyè a vle.

215 M tande kèk di: "Men, Frè Branham, pito w fè bak sou deklarasyon sa a." Ap di: "Moun yo pa nevwoze. Moun sa yo pa nevwoze. Yo sèlman gen edikasyon." Yo se dè moun ak pwoblèm mantal ki edike, alò. Se vre. Ya. "Yo pa gen pwoblèm mantal. Yo edike."

Alò m vle poze nou on kesyon. Ou wè? Nou konprann. M vle poze nou on kesyon alò. Tanpri eksplike aksyon yo jodi a, si yo pa gen pwoblèm mantal. Di m kisa k fè yo aji tankou yo fè l la, si yo pa gen pwoblèm mantal; ou wè, chak kanmarad ap rale pou denominasyon l, atache a richès. Jezi pat kon sa. Li pat prese pou anyen. Ou wè? Li pat atache a richès. Li te egzanp nou.

216 Krim, nasyon an, nasyon an gen plis krim pase l te genyen. Kisa k pa bon? Tinedjè, manm legliz, ap pran lavi, dèzòm ap tire sou madam yo ak fanmi yo, epi ap boule pitit yo. Epi gade vag krim lan. Yo pa gen pwoblèm mantal? Alò ki pwoblèm la? Kisa aksyon yo ye?

Nasyon ak foli pouvwa, chak moun vle pran tout...rè s la epi fè l yon sèl drapo, yon sèl nasyon, ki pou drapo yo epi nasyon yo. Foli pouvwa!

217 Imoralite, pouki, mond lan pi imoral pase l te janm ye. Fanm toutouni nan lari yo, fanm toutouni, epi di yo nan bon lespri yo? Yo pa kapab. Yo jis pa kapab.

218 Koute. Te gen yon sèl moun nan Bib lan ki te dezabiye retire rad sou li, se te Lejyon. Li te pèdi lespri l. Lè Jezi te jwenn li epi ba l bon lespri li, li met rad sou li. Egzak.

Kisa k fè w dezabiye retire rad ou sou ou? Dyab la, Se vre. Apresa di yo pa gen pwoblèm mantal? Kòmanse anba nan lari a isi a, epi kondwi kat blòk nan vil la san ou pa wè yon fanm toutouni, epi tounen pou di m. Trè byen. Chache wè.

219 Apresa nou di yo pa gen pwoblèm mantal? Alò sa pa bon? Yo pa ka nan bon lespri yo. Yon fanm ki nan bon lespri l pa tap fè sa; li gen pi bon sans. Li konn a kisa l ap ekspoze tèt li: on pakèt demon ak move lanvi deyò la a, jis dèzòm sal, degoutan, negligian, sou, asasen, tout lòt bagay. Nou di...

220 Mond lan ap bwè plis gwòg kounye a. Yo depanse plis lajan pou gwòg, Ozetazini, pase yo depanse pou fè makèt. M panse se...M bliye konbyen fwa an plis dèt alkòl la koute chak ane, nan nasyon an, pase sa l te ye. E kisa bwè tafya san rete fè? Voye w nan azil moun fou an.

221 Kansè. Lè doktè medsin ki sot toupatou nan lemonn ekri nan magazin yo, epi di nou: "Pakèt kansè." Sigarèt. Yo mete l sou rat, epi sa te pwouve ke li ba yo kansè nan poumon. Swasann di pousan nan yo pran kansè nan poumon nan fimen sigarèt. Epi fanm ak gason sa yo ap rale yo nèt epi yo soufle l nan figi w. Si se pa moun ak pwoblèm mantal, kisa ki moun ak pwoblèm mantal?

222 Alò ke Levanjil Jezikri a ka preche epi pwouve, epi Bondye nan Syèl nan fòm Kolòn Dife Li ap deplase anlè moun yo epi montre ke Jezikri nan dènye sesyon Vini Li, ap ba yo dènye siy lan. Epi yo griyen dan yo sou Li epi ap pran plezi sou Li, epi rele tèt yo manm legliz; epi apre yo di yo pa gen pwoblèm mantal? Eksplike sa. Tanm ap kontinye pase. Men jis mande si yo pa gen pwoblèm mantal. Sèten. Yo se dè moun edike ak pwoblèm mantal. Egzakteman. Eksplike kondisyon yo. Nou pa kapab.

223 Yo koupe cheve yo, mete rad lemonn yo, mache nan lari a kon sa. Epi Bib Bondye a avèti yo kont sa, Li menm entèdi pou yon fanm lapriyè ak cheve koupe. Epi Li di ke yon nonm... Epi lè l fè sa. Li pwoklame, limenm, bay mari l, ke li imoral, limenm, epi li gen tout dwa pou ba l divòs epi voye l ale lwen li. Se egzakteman vre. Pawòl Bondye ap di sa epi yon fanm tande sa, epi kontinye pote cheve kout, epi rele tèt li yon Kretyèn. Si se pa yon moun ak pwoblèm mantal, kisa k on moun ak pwoblèm mantal? M vle yon moun di m kisa yon moun ak pwoblèm mantal ye, alò. Wi. Yo se dè moun ak pwoblèm mantal.

224 Ak Gwo edikasyon, diplòm, kolèj! Nou mete plis tan nan edike pitit nou yo, nan—nan aljèb ak biyoloji, pase nou fè l pou Bib la ak Jezikri. Pa gen yon timoun nan peyi a ki pa ka di nou kimoun David Crockett ye. Pa gen yon tyè nan yo ki ka di nou Kimoun Jezikri ye. Alò, se pa dè moun ak pwoblèm mantal? Sètènman, se sa l ye. Kijan nou te ka kontinye ankò epi ankò epi ankò, fason yo fè a!

225 Jis sonje. E legliz yo apwouve l, lè Bib lan kondane l. Èske ministè a se moun ak pwoblèm mantal? Moun ak pwoblèm mantal ki edike. Se egzak. Legliz yo apwouve l.

226 Sonje Lòt. Li te yon nonm entèlijan. Gade I, jis on minit kounye a. Pa—pa...Ann pa...

Eskize m poutèt m ap depase jis pou kèk minit. Sa a—sa a twò enpòtan. L ap kontinye soti... Nou vin tandem kap fè kasèt sa a.

227 Gade. Gade. Ann kanpe yon minit. Priye jis on segonn, nan kè nou: "Seyè, kite m wè I." Louvri konprann nou. Ke Bondye fè sa. Gade...Jis pran nasyon an, pou kò I. Ann di sa Bondye te di.

228 Bib lan te di, ke: "Peche Sodòm yo te toumante nanm Lòt ki te jis, chak jou." Li jis pat gen bon kouraj ase pou kanpe kont li. Se vre?[Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Li pat ka fè I, paske I te majistra vil la. Li pat kapab. Men Bib lan te di, ke: "Peche Sodomit yo—yo te toumante nanm li." Li te konnen sa pat bon, men li pat gen kouraj pou fè I, pou kanpe kont li.

229 Kounye a gade. Konbyen Lòt ki Ozetazini, yè, ki li Bib yo, pou prepare mesaj yo pou jodi a, epi yo tonbe sou batèm dlo nan Non Jezikri? Konbyen nan yo ki tonbe sou batèm Sentespri an? "Jezikri menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan"? Mak 16: "Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè"? Jan 14:12: "Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou"? "Si ou abite nan Mwen, e Pawòl Mwen nan ou, mande sa w vle epi sa va fèt"? Konbyen Lòt te wè Sa? Men, poutèt eskiz yo, de denominasyon yo! Li...Gade pou wè nan Bib lan.

230 Gade asanble fanm cheve koupe yo, epi yo konnen Bib lan kondane sa. Gade kap desann lari a, pwòp manm legliz yo kap desann lari a, ak bout pantalon sou yo, epi yo konnen Pawòl la kont sa. Men yo pa gen kouraj pou rele kont sa. Men, poutan, nonm lan ap pwofese ke I se yon Kretyen, nanm li andedan li ap kriye kont sa, men li pa gen kouraj la. Si se pa Sodòm modèn, kote I ye?

Bondye, ban nou yon moun kap rele kont sa. Se vre. Tankou Jan Batis te di: "Rach la poze nan rasin pyebwa an." Se sa nou bezwen jodi a.

231 Gade. Yo se yon Sodòm modèn. Sonje. Ou wè? Tout peyi a vin yon Sodòm ak Gomò modèn. Lòt ankò kap kontinye viv sa. Non...Ap viv li ankò, paske konviksyon sensè li yo, di I pa Pawòl la ke li an tò.

232 Gade nan Chicago, gran Chicago, lè twa san predikatè sa yo ki chita la a. E Seyè a te di m nwit sa a kisa yo ta pral fè. Yo te gen yon pyèj ki pare pou mwen. Mwenmenm, ale la a. M te ale epi m te di Frè Carlson. M di: "Nou pap genyen I nan lotèl sa a. N ap dwe fè I nan yon lòt plas, e li pral yon sal vèt. E yo te gen on pyèj ki pare pou mwen, se pa vre, Frè Carlson?" Li te bese tèt li.

Li te chita la a nan biwo m lan, sa fè kèk jou, pou m vini, nan reyinyon Chicago. Li di: "M pap janm blyie sa, Frè Branham."

Epi m di: "Yo gen on pyèj ki pare pou mwen. Poukisa, Frè Carlson? Èske w pè di m poukisa, oumenm ak Tommy Hicks?" Yo te bese tèt yo. M di: "Tommy, poukisa w pa al pale?"

Li di: "M pa ta ka fè l."

M di: "Me te panse ou te di ou t ap fè m yon favè."

233 M di: "Yè swa Seyè a te di m. W ap desann la a jodi a, epi ou pral dekouvi ke ou pa pral gen bildin sa a. Ou pral nan yon lòt bildin. Doktè Mead pral chita sou bò sa a. Mesye nwa sa a, madanm li, ki chante, pral chita *isi a menm*, e latrìye, kote yo tout pral chita." M di: "Pral gen yon prèt Buddha la a." Epi m di: "Kounye a chache wè. Yo kont mwen paske m preche batèm dlo nan Non Seyè Jezikri nou an. Yo kont mwen paske mwen preche semans sèpan an; epi kont prèv, ke, chak nonm ki pale nan lang gen Sentespri an, ak bagay." M di: "Desann epi gade Bondye."

234 Yo te antre la a... Yo te desann la a, epi dezèd tan menm apati de lè sa a, ou apeprè, on moman nan apremidi sa a, yo te rele Frè Carlson. Epi I di: "Mesye a ki te kite I gen sa, epi te peye on avalwa sou li, te di: 'Nou dwe anile, paske manadjè a te di li te deja pwomèt li bay on gwoup pou nwit sa a, oswa jou maten sa a.'" E yo pat ka genyen I.

235 Kidonk nou te soti al nan Town and Country an. E jou maten sa a lè nou antre la a, epi n te kanpe anndan la a, epi—epi Frè Carlson te di: "Gen yon sèl bagay. Noumenm frè yo te ka pa dakò ak Frè Branham, men," li di: "li pa pè di sa li kwè." Li di: "Li te di m bagay sa yo tap rive jis egzakteman fason yo ye a." Li di: "Kounye men li. Kite I pale pou tèt pa l."

236 M te pran Lekriti: "M pa dezobeyisan ak vizyon selès la," jan Pòl te di. M di: "Nou gen on bagay kont mwen, pou batèm dlo nan Non Jezikri. Plis pase twasan nan nou prezante tèt nou kòm Doktè *Entèl entèl*, ak Doktè *Entèl entèl*." M di: "M pa menm gen ase edikasyon lekòl primè. Men m bay nenpòt nonm defi isi a pou pote Bib ou epi kanpe isi a bò kote m, epi renye youn nan Pawòl ki te di yo."

Nou genen I sou kasèt isi a, si nou vle tandem. Se te foul ki te pi ansilans nou te janm tandem. M di: "Ki pwoblèm ki genyen?" Èske gen moun isi a, aswè a, ki te nan reyinyon jou maten sa a? Kite nou wè men nou. Wi. Ebyen, sèten, gade nan tout viwonn lan.

M di: "Alò, si nou pa ka soutni li, alò pa pale sou do m." Egzak. Anpil ranni, lè yo nan lantouray la nan kwen an. Men vin fas a fas ak pwoblèm lan, sa diferan. Se vre. Se... Mesye sa yo te soti.

237 Tommy Hicks te di: "M vle twasan nan kasèt sa yo, pou m voye bay chak pretandan predikatè Triniteryen ke m konnen."

Mesye sa yo kap ban m lanmen, te di: "N ap desann nan tabènak lan epi batize ankò."

Kote yo ye? Eskiz. "M pa ka fè l. Denominasyon m pap kite m fè l. M marye ak on madanm. M te achte on bèf pou jouk, on jouk bèf, pito. M—m te achte on moso tè. M dwe al gade l." Ou wè? Kèk nan bagay sa yo, tankou, eskiz. Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Èske lavi saa diy de Levanjil la? ["Non."]

Si Levanjil lan gen rezon, ann vann tout sa nou genyen epi viv pou Li. Se pou nou on Kretyèn. Wi, mesye. Amèn. Remake kounye a, antan nap fini.

238 Men eskiz yo se credo yo ak denominasyon yo.

Se tankou on pyebwa. M tap gade Frè Banks, lòt jou. M te gen yon—yon pye pen, m te plante lè m te fèk demenaje anwo la a, apeprè, o, apeprè kenz an de sa, oswa plis. E m kite pye rezen sa yo, branch yo pouze sou pye pen an, epi nou pat ka remete tondèz la anba la a. E te gen yon touf zèb, kanmenm. Epi m te soti la a, te pran on si epi m te siye branch sa yo, jouk pye pen sa a te anwo nèt *isi* a, kote w te ka mache anba l ak on tondèz. E pi bèl bouke zèb ou te janm wè anba l kounye a. Kisa l te ye? Semans lan te la. Li te dwe gen limyè a.

239 E toutotan denominasyon an, eskiz nou yo, eseye mete lonbraj sou Semans sa a ke nou konnen ki an reyalite lonje la a, n ap jwe wòl Lòt lan. Voye bagay sa yo olwen, epi kite Limyè Levanjil lan klere sou la a, pwisans Jezikri a, Wi. Ap kenbe Limyè a lwen li, ap anpeche l viv. Paske, si Limyè a janm rive sou li, l ap jayi nan Lavi.

Se pou rezon sa a moun yo di: "Pa ale nan kèk jan de reyinyon sa a." Yo pè pou enpe nan Limyè a va frape youn nan manm yo.

240 Sonje fanm nan pi an. Li te yon pwostitye.

Men prèt sa yo te kanpe. Yo te wè Jezi di Nathanael: "M te wè w la a, lè w te anba pye fig lan."

Epi prèt yo te di: "Li se Bèlzeboul. Li se yon divinò. Sa se dyab la."

241 Ti fanm sa a, lè l te mache monte la a, nan eta imoral li, ap viv ak sis gason. Epi lè l te mache anwo la a nan eta sa a, nan eta sa a li te ye a. Epi Jezi te di: "Pote dlo pou Mwen." Konvèsasyon an te kòmanse. Li te di: "Al chache mari w epi vin isi a."

Li di: "M pa gen okenn."

Li di: "Ou te di laverite. Ou te gen senk, e sila w ap viv avè l la, pa mari w.

Li di: "M wè ke Ou se yon pwofèt, Mesye. M konnen Mesi a pral fè sa lè L vini."

Jezi di: "Se Li M ye."

242 Sa te regle l. Lè Limyè sa a te flache atravè Semans sa a ki lonje nan vye ti pwostitye sa a, jou pwostitye yo te fini. Li t ale nan lari an, ap glorifye Bondye, li di: "Vin, wè yon Nonm Ki te di m bagay ke m te fè. Èske se pa Mesi a Sa?" Kisa l te ye? Limyè a te rive sou semans sa a dèyè anba lonbraj yon abri pwostitye. Wi, mesye.

Kounye a ann fini, nan di sa. M pa konn konbyen paj an plis m genyen, men m—m sèten m pap pran tout sa yo. Apeprè dis, men se jis apeprè mwatye ladann. Men ann fini, nan di sa.

243 Ann konpare yon bagay, on fwa, de on vi ki diy. Ann konpare lavi Sen Pòl ak jenn dirijan rich lan. Menm Limyè a te frape toude mesye yo. Toude te gen menm envitasyon nan men Jezikri. Se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Toude te fòme nan Lèzekriti. Toude te teyolojen. 'Manm, Jezi te di—te di jenn dirijan rich lan: "Kenbe kòmandman yo."

244 Li te di: "M te fè sa, depi jenès mwen."

Li te yon onm fòme. Konsa Sen Pòl te ye. Toude te byen fòme nan Lekriti. Men, toude te gen Pawòl la. Youn te genyen de on konesans; lòt la te gen jèm Lavi an nan li. Lè Limyè sa a te klere, devan Pòl, li te di: "Seyè, Kimoun Ou ye?"

Li te di: "M se Jezi."

"Men mwen, alò." Li te pare.

245 Limyè an te frape toude mesye yo. Youn te jème, lòt la pat fè l. Se fason sa a l ye jodi a: legliz espirityèl, legliz natirèl.

246 Nonm rich lan te gen eskiz li. Li pat ka fè l. Li te chaje ak twòp zanmi nan mond lan. Li pat vle sispann asosye.

Se sa pwoblèm lan ak anpil moun jodi a. Nou panse, paske nou fè pati de on lòj, nou jis pat ka abandone fratènité sa a. "Yo tout bwè; ak bagay kon sa. Yo fè sa." Trè byen, al avè l; anyen kont lòj la, anyen kont legliz la. M ap pale de ou. Ou wè? Ya. Ou wè? Anyen kont sa. Paske, sis nan youn, demi douzèn nan lòt la. M jis fin pale nou ke legliz lan pat anyen ke yon lòj, denominasyon an, si yo renye Pawòl Bondye a.

247 Remake. Nonm rich lan te gen eskiz li. Li pat janm abandone temwayaj li, poutan. Nou dekouvre ke li t al nan gwo biznis. Li te gen konesans. Epi li te rive nan yon pwen tèlman jouk li te dwe ogmante sitèlman anpil, jouk li te dwe bati nouveau depo pou mete bagay li yo anndan. Epi lè I te mouri; epi kèk selibatè, ak kòl li vire tounen, te preche nan lantèman I, pa gen dout. E lè I te fè sa, li ta ka di... Yo te mete drapo yo an bèn, epi yo te di: "Chè frè byenneme nou, majistria vil sa a, kounye a nan bra Toupwisan an, paske li te yon gwo manm legliz la. Li te fè *tèl tèl bagay*, ak *tèl bagay*."

E Bib lan te di: "Nan lanfè li te leve je I, etan nan touman." Ou wè?

248 E sonje, li te toujou vle kenbe pwofesyon I nan lanfè. Li te wè Laza, nan lestomak Abraham, epi I te di: "Papa Abraham, voye Laza desann isi a." Toujou ap rele I "papa." Ou wè?

Li te pran konesans li, epi li t ale nan yon legliz entelektyèl. Lè Limyè a te frape I, li te rejte L.

Si se pa tandans modèn legliz jodi a, m pa konnen I. Sa pa enpòtan sa Bondye flache atravè chimen yo, Kolòn Dife a oswa kèlkeswa sa I te ka ye a; yo toujou, ak konesans yo, yo ka eksplike debarase de Li, epi ale nan gwoup entelektyèl la, pou jwenn ran sosyal la.

249 Men Pòl te deja nan ran sosyal la, ak gran konesans, on gran save anba Gamalieil, yon bra dwa pou gran prêt la, nan yon pwen jouk li t al jwenn prêt yo epi te gen lòd pou mete tout egzalte sa yo nan prizon. Men lè Limyè a te frape chimen li, epi I te wè ke menm Kolòn Dife sa a ki te kondwi Izrayèl atravè dezè a se te Jezikri, li te abandone tout sa I te janm konnen. Li vin nan Lavi.

250 Èske nou te ka rele lavi nonm rich sa a yon lavi ki diy Levanjil ke I te tande a? Menm si li te yon kwayan, èske nou te ka rele jan de vi sa a... Nan mitan entelektyèl ak amizman yo, nwit sa a anwo la a sou... antan solèy la te desann, ap leve vè yo, e petèt kèk prêt ap di on priyè, anwo anlè la a. -Epi I te gen amizman yo, alò ke te genyen yon mandyan ki te lonje nan pòtay li anba la a. Li leve vè li, epi I te pale de gran lafwa li te gen nan Bondye. Epi anvan solèy leve, nan demen maten, anvan solèy la te ka leve, li te nan lanfè. Se vre. Men entèlektyèl nou yo.

251 Men Pòl, lè Limyè an te frape I, ann konpare lavi I epi wè si li diy. Kisa ki te rive? Lè, Pol, Limyè an te frape I, li te abandone tout konesans li epi li te elwaye de gwoup entelektyèl sa a, epi li te mache nan Lespri Jezikri a. Glwa pou Bondye! Malgre li te entèlijan, li pat janm menm sèvi ak gwo pawòl.

Lè I vini nan mitan Korentyen sa yo, li te di: "M pa janm vin jwenn nou ak sajès lòm. M pa janm vin jwenn nou ak mo ki anfle, paske nou mete lafwa nou nan sa. Men m vin jwenn nou nan senplisite, nan pwisans rezirèksyon Jezikri a, konsa lafwa nou nan sa." Men lavi a. Gade li.

252 Li pat janm sèvi ak edikasyon I. Li pat janm mache ak gwooup entelektyèl la. Li te mache nan Lespri Kris lan, enb, obeyisan a Pawòl Bondye a, lè Li te kontrè anpil ak credo yo. Men Pòl te wè Limyè a epi li te mache nan Li (pa vre?), kite Lavi Kris bay reflè Jezikri bay laj li te viv ladann lan, konsa moun yo te ka wè Lespri Bondye nan li.

E enb lan te kwè I, tèlman, jouk yo te menm vle pote mouchwa. Yo tap pran yo aprè ke yo te manyen kò I. E yo te kwè I, tèlman, li se tèlman yon reprezantasyon Jezikri, jouk, kèlkeswa sa I te manyen a, yo kwè ke I te beni. Wi. Ala yon nonm sa te ye, bay vi li, richès li, ak tout sa I te genyen! Edikasyon li; li te blyie tout, pou mache desann ak pechè, ak mandyan ak mandyan nan lari a, pou kite limyè I yo bay reflè lanmou Jezikri.

Li te di: "Yo te make do m, karant nèf fwa; sa pa deranje m." Li te di tou: "M pote mak Jezikri sou kò m." Pòv ti kanmarad la nan yon kondisyon tèlman terib, li di: "M pote mak Jezikri sou kò m." Ala diferan de gran diyitè sa a ak tout prèt yo nan viwonn li.

253 E lè li te a Wòm, epi pèsòn pat kanpe avè I. E yo tap konstwi yon blòk, pou koupe tèt li, deyò la a. Men kote I te di I. O la la! Li te di: "Gen yon kouwòn ki poze pou mwen, ke Seyè a, Jij jis lan pral ban mwen nan Jou sa a; e pa sèlman mwen, men kounye a tout sila yo ki renmen aparisyon Li." Men yon vi ki diy de Levanjil la, yon vrè pitit gason.

254 Li te kanpe pou Kris. Li kite Levanjil lan bay reflè atravè li. Anvan I te fè sa, li t al aprann Levanjil la. Te desann nan Arabi epi te rete twa zan, epi te pran Ansyen Testaman an. Epi te montre, pa Ansyen Testaman an, ke Li te Jezikri. E li kite L bay reflè atravè li, bay on gwooup moun enb. Ke, li, lè...Li te di: "M konnen kòman pou gen vant plen, epi m konnen kòman pou m grangou epi gen lanvi."

Yon nonm ak yon edikasyon tankou I, epi yon save tankou I, ki kanpe bò...ak on bous etid sot nan men Gamaliel, youn nan pi gran anseyan ki te genyen nan jou an, epi kanpe men nan lamen ak gran prèt la. Frè, li te ka vo dè milyon dola epi te gen tout kalite bildin. Se vre. Men I te di, "Mwen..."

255 Li te gen yon sèl manto. E Demas te wè nonm sa a ak yon ministè kon sa! De Timote, chapit 3, li te di: "Demas abandone m, ak tout lòt mesye yo, nan renmen mond prezan sa a." Li di: "Lè w vini, pote manto sa a ke m te kite lòt bò a. M kòmanse frèt." Yon nonm ak on ministè kon sa, e ki te ka gen yon sèl manto? Glwa pou Bondye!

256 Sa fè m sonje Sen Martin, lè I tap eseye kanpe pou Levanjil la, ak tout bagay, anvan I te konvèti. Nan—nan Pre Nise a, oswa Konsèy Nise a, *Papa Niseyen* yo, nan listwa a. Yon jou, li tap pase nan pòtay yo la a. Li te sot nan Tours, France. E te gen moun...Yon vye mandyan te lonje la a, ap mouri, pa gen rad. E moun yo te pase a kote, ki te ka ba li rad, yo pat fè I. Yo te pase sou kote I epi yo te iyore vye kanmarad la. E Sen Martin te kanpe la a epi te gade sa. Yo te di li...

257 Chak sòlda te gen yon—te gen yon nomm pou kenbe bòt li klere. E li te klere bòt sèvitè I la.

Epi te retire manto I, epi te pran yon kouto epi koupe I, mwatye, an de avèk nepe li. Li te vlope vye mandyan an nan li, te di: "Nou toude ka viv."

Li t al lakay epi t al nan kabann li. Pandan I te kouche la a, li kwè li tandé vye nomm la kap rele. Dirèkteman, Yon Bagay te leve I. Li te gade. Te kanpe na chanm lan, men Jezikri te kanpe la a vlope nan menm vye moso rad sa a ke I te vlope mandyan an ladann. Li te di: "Menm jan ou te fè pou pi piti nan ti sa yo, se menm jan ou te fè I pou Mwen." Sa se yon vi ki diy Levanjil la. Nou konnen kijan li te sele lavi I, tou, pa vre?

258 Gade Polycarp, kanpe pou batèm nan Non Jezi, kont legliz Katolik Women. Epi yo te boule I nan yon poto; te kraze yon kote pou pran beny epi te boule I. Gade Irene, rès nan yo, ki te soufri pou kòz sa a. Se dè vi ki diy.

259 Gade sa Pòl te di nan Liv Ebre yo, chapit 11. Te di: "Yo te siye yo an moso, te separe yo; tap ere, nan po mouton ak po kabrit, epi te nan dezè, epi depouye e latrìye; vi ke mond sa a pa diy de yo." Men nou. Vi sa a diy de Levanjil lan. Kijan pa m lan ak pa w pral kanpe nan Jou Jijman an, ak dèzòm kon sa?

260 Gade Pòl kounye a. Nap kontinye desann. Li te pran pozisyon pou Levanjil la, li te kite Jezi koule nan li. Sa pa enpòtan kòman, kisa, kèlkeswa sa nenpòt moun te panse de sa. On jou, gran prêt la te entèveni pou ke yo koupe tèt li, pou Sa. Li te yon reprezantasyon diy de Levanjil la. Ap kite...Gade la a. Kèlkeswa sa moun yo te panse, kite kouran Lavi Etènèl la koule nan li, sitèlman ke I te di: "M tap madichonnen nan men Kris, pou frè m yo."

Kounye a nou konn kisa nou fè lè nou gen Lavi Etènèl? Men kesyon nou an. Men repons nou an. Nou pran bò entelektyèl la; oswa, pran bò Sa a, si nou vrèman gen Lavi Etènèl. Se sa k rive.

261 Se sa k te rive. Pòl, pare pou I te madichonnen nan men Kris, pou kite moun li yo... Avèg la, moun iyoran ki pa tap vle koute Levanjil Li!

M panse, yon wont pou pwòp tèt mwen. M te pare pou ba yo vag, paske yo pa tap vle koute m. M santi tankou pou m repanti. E m te repanti. Ou wè?

262 Remake. Kèlkeswa sak lòt yo te panse, jan de vi sa a diy de Levanjil la.

Kounye a m ap fini.

263 Nonm rich lan, tankou pi fò nan nou jodi a, te anpeche Pawòl Lavi a antre, epi li te rejete L, e li vin yon manm legliz; epi te montre yon vi, ki pwouve nan Bib la, li pat diy de Levanjil ke yo te mande I resevwa. Se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Kijan Levanjil la te ka klere nan yon limyè fènwa kon sa, ap renye pwisans Bondye a?

264 Kounye a, sèl fason pou viv yon vi ki diy, se kite Kris ak Pawòl Li (Ke, Li se Pawòl la) bay reflè Li tèlman pafè nan ou jouk Bondye konfime sa L te di nan Pawòl la. Paske, Kris te mouri konsa Li te ka prezante Tèt Li devan Bondye, yon Sakrifis. E Li te retounen nan fòm Sentespri a, pou bay reflè Tèt Li atravè pèp Li, pou pote zèv Li; ap bay reflè Tèt Li atravè oumenm, pou akonpli Pawòl Li ki te pwomèt nan jou fiti sa yo.

Tankou Jan Batis te tandé, lè li te tandé Kris vini, E Kris te vanse nan dlo an. E Jan te di: "Men Ayo Bondye a."

Pyès lòt moun pat wè L. Men li te wè L, Limyè sa a kap desann sot nan Syèl, tankou yon kolom. E yon Vwa ap di: "Sa se Pitit byenneme M lan ke M pran plezi pou M abite nan Li." Li te wè L kap vini.

E Jezi te mache al nan dlo a, Emayèl, devan yon—yon predikatè ki te sipoze yon ekstremis. Te mache al nan dlo an, devan moun yo, epi te di: "M vle pou w batize m."

265 Jan te di: "Seyè, m bezwen pou se Ou k batize m. Poukisa W vin jwenn mwen?" Je toude te kontre youn ak lòt, yon pwofèt ak Bondye li. Amèn. Èske n te ka...Mwen... Èske m pa ta renmen kanpe epi gad sa? Gade je sevè, byen fon Jan sa yo kale bese epi jwenn je sevè, byen fon Jezi sa yo; kouzen dezyèm degre youn pou lòt, nan lachè.

266 Jezi te di: "Jan, kite sa fèt konsa kounye a, paske se konsa li nesesè pou nou. Nou se Mesaj lè sa a. Li nesesè pou nou akonpli tout sa ki jis."

267 Jan te panse: "Wi, Li se Sakrifis la. Sakrifis la dwe lave anvan Li prezante." Alò I te di: "Vini." Epi I te batize L. Amèn. Nan lòt mo: "Li nesesè pou akonpli tout sa ki jis."

Jezi, ki te konnen ke mesye sa a te ontatik, te di: "Pat janm gen yon nonm ki fèt de yon fanm, tankou li. Li pi plis pase yon pwofèt; nou ka resevwa l, sa a pi plis pase yon pwofèt." E jezi, nan gade nan kè li, epi konnen sa. Pwòp kouzen Li te rankontre L la a, fas a fas.

268 Jan te di: "Seyè, m bezwen pou W batize m." E poukisa Ou vin jwenn mwen?"

269 Te di: "Kite sa fèt, Jan. Men, sonje, sa nesesè pou nou akonpli tout sa ke Bondye te pwomèt." Epi M se Sakrifis la. M dwe lave anvan yo prezante M." O la la! O la la!

270 E, jodi a, lè Limyè aswè yo ap klere, lè pa gen yon nonm nan bon lespri I sof sa ki pa ka di (nenpòt save Bib, te gade nan Bib la, konnen) se dènye jou an. Alò, sa nesesè pou nou tonbe sot nan gwo miray sa yo, oswa elwaye de bagay sa yo, epi antre nan jistis Jezikri nan dènye jou sa a, epi pran So Bondye anvan dyab la ban nou mak bêt la. O la la. Wi.

271 Priye Bondye pou kite Limyè jou sa a leve nan nou, pou nou yon sèvitè obeyisan Bondye. Epi kite fwi Lespri a rete pou toujou nan lavi nou. E sa se yon vi ki diy de Levanjil la.

272 Kite m di sa, pou fini. Sèl fason an, sèl fason ke nou ka viv yon vi ki diy Levanjil la, se kite Levanjil lan Limenm, chak pati nan Levanjil la, vin nan nou epi tounen bay reflè pwomès Li, fè yo konfime. Kite Bondye viv nan nou, pou konfime pwòmès yo nan jou sa a.

Jis tankou Jan, jan Jezi te di Jan: "Kite sa fèt konsa, Jan. Se vre. Men nou se mesaje de jou sa a, e nou dwe akonpli tout sa ki jis."

E si nou se Kretyen nan jou sa a, ann resevwa Jezikri nan kè nou. E Li se Pawòl la. Pa renye anyen nan Li. Di: "Se Laverite." Epi plase L nan kè nou, gade fwi Lespri a sou nou, epi akonpli chak pwomès ke Li te fè nan Bib la. Bondye vle akonpli Pawòl Li, e Li pa gen men ke pa m ak pa nou yo. Li pa gen je ke pa m ak pa nou yo. Li pa lang ke pa m ak pa nou yo. "M se Pye Rezen an. Nou se branch yo." Branch yo pote fwi an. Pye Rezen an bay branch lan enèji. Sa se vi ki diy lan.

273 Priyè m se, a sila yo nan radyo oswa nan...kote yap tandé kasèt la, ak sila yo ki prezan. Ke Bondye ki en tout gras, nan Syèl la, klere Sentespri beni L la sou nou tout, ke, depi aswè a, apati de kounye a, nou ka viv yon vi ke Bondye ta di: "Sa byen fè M plezi. Antre nan lajwa Etènèl yo ki te pare pou ou depi fondasyon mond lan." Kite Bondye nan Syèl la voye benediksyon L yo sou nou tout moun yo.

274 M priye ke Bondye va beni nou medam, aswè a, ki gen cheve kout, nan yon fason tèlman ke n ap wè, epi elwaye de tandans modèn jou sa a, epi reyalize ke Bib la di nou pa ta dwe fè sa. E si nou koupab nan mete rad imoral, ke Bondye nan Syèl la va vide gras Li nan kè nou, konsa nou pap janm fè l ankò, konsa nou pap janm koupab de on bagay konsa ankò. Ke Sentespri a jis louvri I ban nou epi montre nou. Ke nou, ki san batèm Sentespri a...

275 Ke nou mesye ki gen madanm nou, epi kite yo pou yo se patwon kay la epi dirije nou la a, ke Bondye nan Syèl la ban nou gras pou mete pye nou atè epi fè fanm sa a tounen nan

bon lespri l ankò, wi, epi reyalize ke se plas nou nan Kris. Pa on bòs, kounye a, nou se tèt kay la. Sonje, li pa menm nan kreyasyon original la. Li se sèlman on pwodwi ki sot nan nou, ke Bondye ban nou, pou pran swen nou, pou kenbe rad nou pwòp epi pare manje nou, e latrìye. Li pa diktatè nou.

276 Noumenm fanm Amerikèn kap kouri ak yon gout penti sou figi nou, ak nen nou anlè (lapli ta tonbe, li ta neye nou), epi panse nou se on sòt de diktatè. Se sa nou ye, pou on gason efemine, men pa yon vrè ptit Bondye. Egzak.

277 Ke Bondye ban nou mesye gras, antan ke ptit Bondye, pou kanpe bagay san sans konsa. Se vre. Ke Li ban nou gras, pou jete sigarèt sa yo, sispann koute blag sal, tout bagay san sans sa a. Ann vin dè ptit Bondye, konsa nou ka mache nan on vi ki diy Levanjil la.

E yon moun desann lari a, di: "Si te janm gen yon Kretyen, men youn ki prale. Men gen youn k ale ke Bondye jis montre Tèt Li dwat atravè li, e nonm sa a se on vrè Kretyen, si ta janm gen yon Kretyen. Ou te ka panse li parèt ansyen mòd. Le se yon dam otantik." Men li.

278 Pou w se yon Kretyen ak bon repitasyon, paske nou se dè zetranje isi a. Sa se pa Kay nou. Kay nou Anwo. Nou se ptit gason ak ptit fi on Wa, de Wa an.. Annou l-...kite vi nou vin yon—yon vi ak bon repitasyon. Kite nou li-...viv la a on vi kap onore bagay ke nou deklare nou ye: yon Kretyen. E si nou pa ka viv jan de vi sa a, alò fè yo sispann rele nou on Kretyen, paske n ap sèlman pite repwòch sou Kòz la.

279 Mèsi, moun yo, ki chita isi a, nan nwit chalè sa a. M gen konfyans ke pap gen youn nan nou ki pèdi, nan Jou sa a. Mwen—m—m konfyan ke noumenm avè m, ansanm, nap jwenn gras devan Bondye, konsa m ap kapab toujou kanpe pou sa ki se Verite, jamè pou blese nou, men jamè pou m menaje nou. Ou wè? Si m ta fè sa, m pa tap bon jan de papa a, si m kite ptit mwen jis fè nenpòt bagay. M ap korije yo. Nenpòt lanmou ap fè sa. Lanmou bay koreksyon. M sonje ou ekri nòt sa pou mwen, jou sa a, Pat. M te toujou genyen l. E lanmou bay koreksyon. Bib lan di sa. E si sa pa korèk, se pou rezon sa a Bondye korije nou. Li renmen nou.

280 Ke nou viv yon vi, apati de kounye a, ki diy, ak dousè ak jantiyès. Pa bay okenn atansyon, di: "Ebyen m beni Bondye, m konnen l genyen L. Li te pale nan lang. Li te danse nan Lespri a." Se trè byen. Men si l pa gen fwi Lespri a, Lespri an pa la. Li sèlman ap imite kèk kalite emosyon, oswa on bagay, paske Sentespri an ka sèlman viv lavi fwi Lespri a. Sa se sèl fason Li ka fè.

281 Bondye beni nou. Annou bese tèt nou, jis on moman.

Kite...Bondye, ki te repann Limyè L nan dènye jou sa a, Ki poze isi a devan mwen, de Bib Li; ak foto Zanj sa yo, Limyè mistik sa a nan fòm yon piramid, ke menm syantifik yo pa konn kijan L te rive isi a. Yo pa ka eksplike L. Men, Papa, nou rekonesan. Ou te di nou, dè mwa anvan sa te rive, e nou rekonesan anvè Ou.

282 Kite moun yo, ki rele pa Non Pa W, elwaye de peche, aswè a, Seyè, enkredilite. Ke, antan...M te dwe pale di konsa kont sè nou yo, pa paske m pa renmen yo, Seyè, men m pa vle wè dyab la fini avè yo jouk yo tonbe rèd mò, youn nan jou sa yo, epi eseye rankontre Ou nan kalite kondisyon sa a, apre yo tande Verite Bondye a, kon sa. Ke yo santi ke yo dwe tèt yo sa, pou al fouye Lèzekriti, epi wè si se vre. Bese sou jenou yo lè sa a, nan senserite, epi di: "Bondye, èske se Verite a?" Alò tout sa pral nesesè, Seyè, si y ap sensè sou sa, paske Pawòl Ou se Verite.

283 Moun te chita. Anpil nan yo, petèt, te gen dè bagay ki fè yo mal. Men Lespri Bondye te pale avè yo, e yo te ret frankil epi te koute. Lè a ap vin ta. Lè a ta nan aswè, e li ta tou nan tan ke n ap viv ladann. Solèy la ap desann. Mond lan ap vin frèt. Bondye, fènwa pral enstale byento, e apresa Vini Seyè a, pou pran Legliz Li ale. Ala nou di W mèsi pou sa, Seyè!

284 Nou priye kounye a ke W va beni chak moun nan Prezans Divin. Chak moun ki tande kasèt sa a, Seyè, nan tout mond lan, ke yo elwaye yo de vye credo ak bagay sa yo, e vini epi sèvi Bondye vivan an, vini epi envesti nan Li, fè tankou rèn nan Sid lan te fè. Li vini sa te pran I twa mwa pou rive kote yon mesye tap reprezante Jezikri, oswa Bondye nan Syèl la; Salomon. Jezi te di: "Li sot nan dènye bout nan mond lan, pou tande sajès Salomon, epi men yon pi gran ke Salomon isi sa." E nou konnen "pi gran ke Salomon an" isi a, gran Sentespri an Limenm isi a, ap travay nan moun yo. Ala nou di W mèsi pou sa, Papa. Mwen priye benediksyon an kounye a.

285 Beni chè pastè nou an, Frè Neville. Seyè, antan mwen—antan mwen gade I epi panse a travay lanmou li, kè m jis bondi. M renmen I. Pou wè li antan li gade madanm li ak pitit li yo, m—m priye, Bondye, ke W va ba I fòs. Ba I kouraj. Beni li pou anpil, anpil lane sèvis an plis, gran chan rekòt sa a ke n ladann.

286 Beni tout frè minis sa yo ki chita isi a aswè a. Anpil nan yo se vizitè ki sot lòt kote. M priye ke W va avè yo la a, Junie ak Frè Ruddel, ak mesye presye sa yo ki se legliz sè pou legliz sa a isi a, ki kanpe epi kenbe Limyè Levanjil la nan diferan pati nan vil yo nan viwonn lan, pou menm Limyè sa a, ap goumen pou Li. Mèsi pou mesye sa yo, Seyè. Ankouraje yo. Epi ba yo gras pou yo sipòte gran eprèv ak bagay li vin sou latè pou teste tout Kretyen.

287 Geri malad yo ak aflije yo, Seyè. Se pou W avè nou nan semèn sa kap vini kounye a. Ban nou kouraj. Ke ti leson rache lekòl di dimanch yo pou jou an pa janm kite kè yo. Ke yo medite, lajounen kou lannwit. Akòde benediksyon sa yo, Papa. Nan Non Jezikri, mwen mande I. Amèn.

288 Nou renmen Li? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Nou kwè Li? ["Amèn."] Ann chante bon chante nou an ankò: "Mwen renmen Li, mwen renmen Li," antan nou rasable tèt nou ansanm. Kote Sè Ungren? Èske I isi a, youn nan yo, oswa sè ki te jwe piyano a, youn nan dam yo isi a? M pa wè I. Wi, men li, dam bò isi a. Se sa.

289 M te vle, aswè a, ak tout respè, men m pat wè Frè Ungren. M te vle I chante pou mwen, aswè a, *Ala Ou Gran!* M sipoze frè a t al lakay li. Ou wè? M te tandé chante sa a maten an, e m te apresye sa sètènman. O la la, o la la! Sa te jis sonnen nan kè m. E m—m—m te vle tandé I chante *Ala Ou Gran!*

290 Kounye a ann chante *Mwen Renmen Li*, tout moun, ansanm. Kounye a jis fenmen je nou. E ann gade L kounye a, di: "Seyè, si gen youn nan bagay chanèl sa a nan mwen, retire I, touswit. Retire I." E noumenm, deyò, ki tandé kasèt sa a, lè nou tandé chante sa a, chante avè nou, lè sa a, dwat nan chèz nou kote nou chita.

Si genyen ke, si nou kondane pa Pawòl la, si nou pa panse Se Pawòl la, fouye Lèzikriti, wè si Se vre. Sa nesesè pou nou. Sa vle di Lavi oswa lanmò.

Epi pandan nou chante chante sa a, si gen bagay chanèl na vi nou, èske nou pap leve men nou, nan chèz nou? Fè ptit nou yo ak madanm nou leve men yo, byenneme nou ki nan viwonn nou. Chante *Mwen Renmen Li*, epi ba Li vi nou. Di: "Netwaye m, Seyè, retire tout mal."

Pandan n ap chante kounye a, ann kanpe.

Mwen renmen Li, Mwen...

Seyè Jezi, m priye ke W va geri moun yo, sila yo ki pral mete mouchwa sa yo. M beni yo, nan Non Jezikri. Amèn.

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

291 Kounye a, nan gran benediksyon sa a! Jis kontinye jwe I, sè. Jis fenmen je nou epi reflechi, on minit kounye a. Ann priye, nan kè nou: "Seyè Jezi, fouye m. Èske m renmen W vrèman? Ou te di: 'Si w renmen M, w ap kenbe Pawòl Mwen yo. Si w renmen M, w ap kenbe

Pawòl Mwen.” Epi nan kè nou, di: “Seyè, kite m kenbe Pawòl Ou. Kite m kache L nan kè m, pa janm peche kont Ou, sa se, pa kwè anyen nan sa W di.”

292 Kounye a pandan n ap chante *Mwen Renmen Li*, ann bay on moun ki pre nou lanmen. Jis lonje men nou, di: “Bondye beni w, frè, oswa sè.” Vrèman an silans kounye a.

“Mwen ...” Bondye beni w, frè. “Mwen...” Bondye beni w, sè m. Bondye beni w, sè. Bondye beni w. Bondye beni w, sè. “E ach-...” Bondye beni w, sè m. Bondye beni w. Bondye beni w. Bondye beni w. “...pyebwa -vè a.”

293 Kounye a ann leve men nou ba Li.

Mwen—Mwen renmen Li

Paske...

Gen on bagay, sou kote, ou vle fè? Vle w ou voye ale.

...mwen

E te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

294 Nou renmen Li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Èske L pa mèveye? [“Amèn.”] M priye pou chak gress nan nou, timoun. Ki byen sa tap fè m pou m kanpe isi a epi di bagay sa yo si mwenmen, nan kè m, m pat panse sa ta pral ede nou? Lè, m fatige epi bouke. M jis apèn pa ka kanpe isi a. Pye m ap fè m mal. Epi soulye m, m te kanpe ladan yo jouk li swe anndan la a, ak tout bagay, jouk pye m gen doulè frotman. E m tèlman fatige! M pa timoun, ankò. E m te preche dè predikasyon twa oswa katrèdtan, epi priye pou malad yo, epi ale lajounen kou lannwit. Poukisa m ta kanpe isi a, fè sa?

Nou konnen, tout twa lane sa yo, si se te pou popilarite, m te evite sa. Nou konnen m pa pran lajan. Nou konn sa. M pat fè I. Èske m te di nou on bagay nan Non Seyè a sof sa ki rive? Nou konnen se vre.

M renmen nou. Se lanmou Bondye a ki nan kè m pou chak gress nan nou. M swete m te ka...M swete m te ka kanpe devan Bondye, epi di: “Bondye, kite—kite—kite m ede yo. Kite—kite m fè sa.” M pa ka fè sa. Chak moun dwe kanpe bò kot tèt yo. Ou wè?

295 M—m—m kwè nou tout ap monte kounye a, youn nan jou sa yo. E si nou rive dòmi anvan tan sa a, yo pran m nan men nou, sonje, m ap rankontre nou lòtbò La a. M konnen L la a. Vizyon yo menm ki te di nou tout bagay, ki pafè, te rive jis jan L te di a. Pèsòn, nan tout lane

sa yo, pa ka janm di isi a ke m te janm di nou on bagay ki tap rive sof sa I te fè. Lemonn antye konn sa. Nou pat janm wè I sou lestrad la, sa ki te di tout moun egzakteman Verite. Ou wè? Sa te toujou fèt. Menm Bondye sa a kite m gade depase rido tan an. M te wè fanm ak gason sa yo ki mete bra yo nan kou m epi ap vlope mwen, te di: "O, Frè Branham."

296 M—m jis pa ka chita. Kidonk, si m fatige, m ale, kanmenm. Do m ap fè m mal. E mwen, chak jou...M gen—m gen—m gen senkann katran. Nou konnen, nou gen yon doulè an plis chak jou.

Priyè m se: "Bondye, kenbe m nan yon sèl moso. Kenbe m nan yon sèl moso, pou preche Pawòl la, kanpe sou Verite sa a, jiskaske m wè ptit gason m, Joseph, ki gran ase, epi ranpli ak Sentespri an; m ka pran vye Bib fin sèvi sa a, poze L nan men li, di: 'Gason m, pote L jouk nan fen vi w. Piga w fè konpwomi sou Li.'"

297 M te panse petèt Billy tap preche Levanjil la. Bondye pat janm rele I.

Men m kwè, Joseph, menm ti gason mechan ke I ye a, m kwè Bondye rele li. Se pou rezon sa a timoun pa ka antann yo avè I, li se yon lidè. E m—m—m konnen ke Bondye rele I. M vle fòme I nan chimen Paòl la, chimen Pawòl Seyè a, ke I pap abandone Pawòl sa a. M vle fè sa, mwenmenm, si Bondye vle. E lè m vin granmoun epi chita dèyè, epi ka wè I la a, kanpe nan chè a, te di: "Menm Levanjil sa a, papa m te kanpe pou Li. Li chita la a, granmoun epi kraze aswè a. Men m vle pran plas li epi pran relèv la, kanpe la a."

298 Apresa m gad anlè, epi di: "Seyè, kite sèvitè w pati an pè." Se sa m vle wè, tèlman anpil. Jiskaske tan sa a vini...

299 Alò e si m tap resisite nan yon lòt jenerasyon? M pa kapab. M dwe vini ak jenerasyon sa a. M dwe kanpe avè nou. Nou se sila ke te kanpe pou yo, epi rann kont devan Bondye, de Levanjil m te preche a. Èske nou panse m tap kanpe isi a epi eseye vire tounen nou, nan On Bagay ke te panse ki te bon? M tap ankouraje nou al fè L. Men m conn ke, lè I pa bon, m vle fè nou soti nan sa, antre nan sa ki bon. Vrèman, ak tout kè m, Bondye temwen m, m renmen nou, chak moun, ak vrè lanmou Kretyen Diven. Bondye beni nou. Priye pou mwen.

300 M pa conn kisa k gen nan lavni mwen, men m conn Kimoun ki kenbe lavni m, kidonk m repoze nan sa.

301 M vire lestrad la, sa a bay yon nonm ke m gen konfyans siprèm nan li, antan ke yon sèvitè Jezikri, pastè nou, Frè Neville.